35. Yen sira ayun antuk sih, ngajiya kitab Bidayah, lakonana parentahe, Subah lawan kitab Albab, apa kang winicara, pekihi lawan kitab Usul, dadi sira kinasihan.

—oOo—

II. KINANTHI

1. Rosa yakti sugih ilmu, kinasih dening Yang Widi, lan manusa sabilullah, kang mati lawan wong kapis, yen tuhu karana Allah, mungga sawarga kang adi.
2. Kitab Lulbab kang anutur, manusa mukmin kang alim, langkung sanget angerusak, ing saetan lawan iblis, tinimbang sewu manusa, kang bodho rosa ngebakti.
3. Kangjeng Rasul wus amuwus, manusa kang rosa dikir, lailaha ilallah, Muhamad Rasulullahi, punika luwih utama, tinimbang lan perang sabil.
4. Kitab Lulbab kang amuwus, sapa manusa kang mukmin, rosa amaca bismillāh, pamacane wali-wali, lebur luluh iblis saetan, lir timah ginoreng geni.
5. Dalil Kuran kang amuwus, aja sira arane mati, maring wong kang sabilullah, aja sira ucap iki, balik sira anaa, kabeh iku padha urip.
6. Nyawane wong sabil iku, aneng seselaning telih, telhipun paksi Ahdar, ing dalem sawarga adi, saking sihira Yang Sukma, ing dasihe ingkang sabil,
7. Kitab Subah ingkang nutur, sampurnane wong kang sabil, wong angucap kalimah hak, ing sandhinge ratu Jair, hadis dalil kiyas ijma, kang anama hak sayakti.
8. Hadis Tabsiroh kang muwus, ratune wong mati sahid, wong kang ngucap kalimah hak, ing sandhinge ratu Jair, wong mateni tanpa dosa, ingaranan ratu Jair.
9. Kitab Bukayah amuwus, sasore wong mati sahid, manusa malebu bengat, anuli arosa dikir, lan rosa maca donga, maring sakehe wong mukmin.
10. Angandika Kangjeng Rasul, kakasihira Yang Widi, sing sapa asolat duhah, ing dina Jumuah enjing, waktunipun lingsir wetan, patang rakaat salam sawiji,
11. rakaat ingkang rumuhun, patihah sapuluh iki, Kulya winaca

sadasa, ayate palak binasi, winaca ping rolas ika, sapuluh ayate Kursi,

12. patang rakaat gumulung, sawuse salam puniki, amacaa subhanallah, lawan alhamdulillah, wa lailaha ilallah, teka mring aliyyil adim,
13. ganjarane solat iku, pinadhakaken wong iki, patang puluh sabilullah, kang mati lawan wong kapis, lan padha ganjaran ika, kalawan nabi Ibrahim.
14. Pinepetan lawangipun, marga mudarat lan miskin, dadine noli binuka, marga mulya lawan sugih, hajate kang aneng dunya, pitung puluh den tekani.
15. Ing akèrat pitung puluh, pinaring dening Yang Widi, luput sakehing rancana, pitung puluh ewu sihir, upas racun baruwang, kabeh iku tan ngenani.
16. Kangjeng Nabi malih muwus, sapa ngawuleng wong alim, sarwi nganoraken raga, angarah ilmune iki, lawasipun pitung dina, pinadhakaken wong iki,
17. angabakti ing Yang Agung, antuk pitung puluh warsi, ganjarane kang sadina, pinadhakaken perang sabil, kang mati lawan wong kapis, manjing ing sawarga mbenjing.
18. Hadis Bidayah amuwus, lan hadis Muiyoh iki, sapa anoraken raga, maring wong sugih puniki, ilang kang kalih pertigan, agamane wong puniki,
19. alane wong alim iku, kang seba maring narpati, seja amrih pinaringan, tan seja amituturi, dadi ilang amalira, utamane ing wong alim,
20. yen seba maring sang ratu, sejatine mituturi, dhumateng ilmu agama, anyegah kang ora yakin, darapona marenana, iku wong alim utami,
21. Lapade wa lam anahu, kod amatil musibati, wa dohiratil yaliyah, bisomi aplatil juhil, tegese weruha sira, temen-temen warta iki,
22. lan dohir balai iku, sabab laline wong juhil, tan ngaji ilmu

- agama, lan papeka yen wong alim, tan mumursu ilmunira,
mring sagunging metuneki,
23. dadi nyata bodhonipun, dohir iku gawe munkir, sabab saking
lali ika, sayogyane ing wong alim, nganiaya olihira, angdohir-
aken ing ilmi.
 24. Niyat ndohiraken iku, ing nikmatira Yang Widi, lawan malih
sejakena, olihe memuruk ilmi, anulungi ing agama, Rasulullah
kang linuwih.
 25. Nguripaken lampahipun, kangjeng Nabi Rasul iki, aja sira
darbe niyat, muruk ilmu amrih nyuwit, lan aja amrih
kagungan, kitab Subah kang wawarti,
 26. Satuhune amrih makrup, anyegah panggawe munkir, pan dadi
gegentinira, pikukuhing Islam puniki, sing sapa wonge
atinggal, amar makrup wong puniki,
 27. amajibaken Yang Agung, rusake ing dunyaneki, lan rusake
kerat ika, wong kang njenengaken nahi, anyegah panggawe
munkar, iku sipate wong mukmin,
 28. Pangandikaning Yang Agung, ing dalem Kuran winarni,
walmukminun walmukminat, bakduhum oliya bakdi, yakmu-
runa bil makrupa, wa yanhona anil munkari,
 29. tegese ika sadarum, mukmin lanang mukmin istri, lan padha
akona sira, ing sakehe panggawe becik, anyegah panggawe ala,
iku mukmin kang sayakti.

—oOo—

III. ASMARANDANA

1. Eling-eling sanak mami, yogya padha ngawruhana, Kangjeng Nabi ngandikane, dhumateng mukmin sadaya, aja sira amangan, ing umah wong lima iku, dadi sira olih haram.
2. Lawan aja sira bakti, ing umah wong tinggal solat, lan aja nyaba wismane, wong kang ora aweh jakat, lan aja sira mangan, ing wismane wong puniku, iya wong nembah berhala,
3. lan sira aja ngabakti, ing wisma wong mangan riba, aja mangan ing umahe, wong kang purun nginum arak, yen sira durung mangan, takona maring wong kang luhung, weruh ing hukuming riba.
4. Hadis Bidayah kang angling, sapa nganoraken raga, maring wong sugih hartane, dadi ilang amalira, hartane dadi siksa, wong kang anoraken iku, katularan mambu tinja.
5. Kitab Ajkiyah wawarti, sapa wareg dunyanira, dadi asor darajate, kitab Mustahal nyarita, wong alim tuhu ngalap, nglampahi bidayah iku, minangka ratu sadunya.
6. Kitab Ahyah Ulumudin, memper kalawan Mustahal, anenggih ing caritane, wong alim misuh ing jalma, dadi prajuriting Allah, ing dalem sajagat iku, lamon solat barjamaah.
7. Angandika Kangjeng Nabi, salallahu alaihi wasalam, wong nistha wanter baktine, cela wirang ing manusa, papaes mungguh ing Yang, iang dina kiyamat iku, kitab Mustahal ngandika,
8. wonten cinarita malih, ngandikane nabi duta, wong kang mukmin sajatine, asih ing mukmin sadaya, sanget pekir madarat, rosa bakti sugih ilmu, lan rumaksa maring rayat,
9. manira miarsa weling, sabdane kitab Alkiyah, ing kitab Insanul Kamil, mupakat lan kitab Subah, awone wong ulama, kang mara seba mring sang ratu, sarwi nganoraken raga.
10. Angandika Kangjeng Nabi, ing dalem kitab Mustahal, wong

apik pangabaktine, minangka ratuning amal, ing sandhang panganira, ya yen samar datan ewon, wong wirang namanira.

11. Wonten ngandikane malih, sing sapa gumuyu suka, tatkala aneng dunyane, anangis aneng akerat, wong wareg aneng dunya, ngelih aneng akeratipun, kitab Mustahal wawarta,
12. sapa wonge betah ngelih, kinasihan dening Allah, wong ngelak wareg dunyane, dadi kekasihing setan, Kangjeng Nabi ngandika, wong luweh ing dunyanipun, dadi wareg ning sawarga.
13. Wong ahli hakekat iki, wajib kang sinembah-sembah, patang perkara kathahe, ratu adil bapa biyang, kaping pat wong ulama, ingkang mursu ilmunipun, kitab nora kang wawarta.

--oOo--

IV. DHANGDHANGGULA

1. Angandika malih Kangjeng Nabi, maring wong alim minangka nata, ing dalem sajabat kabeh, sapa anyiksa iku, pan dhumateng wau wong alim dadi rusak neng dunya, pon akematipun, kitab Mustahal wawarta, sapa wonge giginau ngaji, pinadhakaken ika,
2. lan wong solat saban-saban wengi, kongsia angsal sewu rakaat, lan pinadhakaken mangke, wong alim kang mumuruk, pan ngibadah kang satus warsi, kitab Jubad ngandika, ora wenang iku, wong Islam bakti ing raga, lamon amrih pakenak ing dunyane, anging utamanira,
3. anyakiti ing ragane iki, sejakna amrih ilmu agama, sapa arep dadi lebe, tan kalawan guguru, insya Allah taala iki, pan binuka sadaya, akathahing ilmu, lawang ilmu kabeh menga, mapan barang hajate tinekan pasthi, kasumbadan sadaya.
4. Utamane wong urip puniki, atinggal sandhang kalawan pangan, anglarani ing ragane, nganggon nyamping wong iku, nalikane waktu ngabakti, dahar sangune solat, iku wong linuhung, kulambi lan dastar ika, ikhlas nalikane muji ing Yang Widi, iku topah utama.
5. Sapa nganggo ali-ali angkik, emban emas atawa salaka, satali iku bobote, pan sawabipun agung, ingkang nganggo simsim puniki, tan dadi pegat tapa, kalawan malhipun, datan pegat rijkinira, sarta dangan mbenjang sakarat pati, lawan wuwuh hapadan.
6. Critane saking kitab Jawahir, anadene wong pikir punika, ora tapa ing dunyane, tatapi ya wong iku, sabar rido ing dunyane, sukur ing nikmat Allah, sarta malhipun, kumandel rido ing Allah, langkung asih gusti Maha Suci, luwih saking wong tapa.
7. Dene wong alim kang muruk ilmi, maring wong kang bodho sadaya, ora adol ing ilmune, tan loba pamrihipun, ganjarane iku ing benjing, dadi ratu ing kiyamat, klawan malhipun,

salamat padha manusa, lawan iwak kang aneng samudra iki, klawan paksi sadaya.

8. Malaikat Kir Amakatibin, sami nedhakaken pangapura, dhumateng pangeran ageh, lan wong alim puniku, mumursu dhumateng wong istri, amrih arta kewala, mbesuk wong puniku, siniksa dina kiyamat, langkung bendu pangeran kang Maha Suci, sinujen lan wesi abang,
9. mentas dihin sakehe wong mukmin, ingkang tobat sawuse anacad, sawuse siniksa kabeh, jroning naraka iku, warna-warna siksian wong iki, lamon akiraken tobat, kari mentasipun, kitab Tabsiroh ngandika, wonten malih cinarita saking tapsir, Allah taala ngandika,
10. ing dosane wong mukmin sawiji, ingkang sami siniksa sadaya, satengah wong mukmin kabeh, saumur bumi iku, sasampune mentas anuli, sami manjing sawarga, pan saumuripun, bumi teka ing kiyamat, ana ingkang saalam rong alam iki, nuli manjing sawarga.
11. Ngandika Allah Robbul alamin, pan maring uwong kapid sadaya, he wong kapid sira kabeh, aja ana kang metu, saking jero naraka Yamin, langkung aneng naraka, sambate ngaduh-aduh, malah pegel atinira, tan antuk pitulung, lawan peteng atinira, lawan ambagenaken Yang Maha Suci, tansah angarohara.
12. Mukmin ingkang kasab halal iki, lamon seja ing dunyane ika, ing sandhang lawan pangane, lan kasabe wong puniku, pan kinarya sangune kaji, iku lampah utama, ganjarane mbesuk, sami lan wong sabilullah, hadis kitab Tabsiroh ingkang wawarti, sabdaning Rasulullah,
13. wajib sakathahe para mukmin, lanang lan wadon padha ngajiya, basane wong Arab kabeh, tasripan sarap nahwu, jurmiyah misbah lawan amil, darapon padha weruha, ilmu gama Rasul kitab Tasil kang wawarta, pan wus kocap ing dalem kitab tafsir, ing dalem surat Asra,
14. lawan kitab Anwar kang wawarti, wajib sakabeh mukmin

sadaya, ngabakti ing wong tuwane, kang Islam kalihipun, guru ratu kang sami adil, ngandika Sayid Ahmad, kang aran adil iku, sasurade Rasulullah, wong tobat saking dosane ageng alit, sanget patobatira,

15. rosa lakune angati-ati, sunnah Rasul kabeh linakonon, iku wong adil arane, lan wong alim iku, kang sangat ajrih ing Yang Widi, ing siksaning Pangeran, pan dadi wong iku, manjing lakuning bidayah, lawan Subah Tamil lawan Jawahir, Insan Kamil Ajkiyah,
16. Ratu Agung Robus samawati, andhawuhaken ing tinimbangan, ing jro surat Hud dohire, ja doyan sira iku, he sakabeh wong Islam sami, mring wong kang nganiaya, ja sira sok purun, asih-sinihan lan sanak, lawan aja sira pangibuh-ibuhi, ing wong kang nganiaya,
17. wong kang gawe dosa ageng alit, kitab Insan Kamil cinarita, manjing naraka Dala mangke, dosa ing dunyanipun, tan purun den tuturi ilmi, maring wong bodho ika, pan temahe mbesuk, ing raina kiyamat benjing, siniksa ing naraka.
18. Caritane Tabsiroh kang weweling, sing sapa bae wonge tumingal, maring ratu kang malengpeng, tegese ratu iku, ngalampahaken dosa alit, ronggengan bebedayan, ananabuh kemong, anuli gumuyu surak, wong kang nonton ginandheng dadi siji, pinanjingaken naraka,
19. sampun kocapa ing dalem kita'b Tasil, wajib sira padha angajiya, nahwu sarap lawan mantek, darapon weruh iku, ing agama Islam lan pekih, lamon ana wong ika, yen ngajiya iku, sanget bodho kaliwat, yen solat tan bisa maca patihah iki, sira macaa surat,
20. ingkang padha lan patihah iki, lamon ora bisa maca surat, sira bagen dikir bae, Lailaha ilallahu, kira-kira sapatihah iki, sah solate wong iku, lamon ora becus, maca lillah ilallah, ing sangadege minangka wong puniki, sadaya sapatihah,
21. maka sah solate wong puniki, saking murah wau ing Pangeran, ngandika nabi kahote, wong alim ingkang turu, iku luwih

utamaneki, tinimbang saking solat, hale sakalangkung, bodhoe wong punika, utamane wong kang turu bari dikir, kang nebut asma Allah.

22. Yen sira yun enak ingkang ati, padha dikir isbat ingkang kathah, aja lali ing maknane, den eling siang dalu, amiliha enggon kang sepi, anut lakuning napas, manjing metunipun, yen wus solat jamaah, lan wong kathah lungguha enggon sepi, serahena badanira,
23. maring Hyang Widi kang murbeng bumi, iya iku lampah kang utama, kang sinihan ing Yang Manon, nabi wali puniku, kang sinelir dening Yang Widi, lan mukmin hawasulhas, iku lampahipun, datan pegat murakabah, ari dalu tan ana cinipta malih, nging Yang Jatiwisesa.

--oOo--

V. SINOM

1. Wonten malih cinarita, saking kitab asalneki, ingaranan Munabihat, pan kitab ingkang den pethik, ngandika Kangjeng Nabi, kang sinung sihing Yang Agung, wong tan tinarima, solate dening Yang Widi, yeku wong kang kalebu sapuluh warna.
2. Dene prakara kang ora, wong lanang kang solat iki, datan purun barjamaah, sarta wong akeh anenggih, tan tinarima malih, pan solate wong puniku, hale tan awesh jakat, ping tigang prekawis malih, yaiku sawiji wong lanang kang solat,
3. wong kang purun dadi imam, hale makmum kabeh sengit, maring wong kang dadi imam, kaping sakawane ngabdi, kang minggat saking gusti, kaping limane wong iku, wong kang anginum arak, kaping nemipun wong istri, ingkang mati durung nedha pangapura,
4. iya maring lakinira, ing hale mukmin puniki, maksih runtik atinira, wadone kasedek mati, ping pitu wadon mukmin, kang dadi kawulanipun, ya wong wadon mardika, ing hale solate iki, ora makmum ing lanang padha mardika,
5. ping wolu tan tinarima, pan solate ratu Jair, ping sanga wong mangan riba, lan kaping sapuluh malih, solat dening Yang Agung, wong kang solat tan nyegah, panggawe jinah lan maling, lan liyane kang cinegah dening sara.
6. Gusti Allah datan suka, malih wuwuh dadi sengit, adoh saking pangapura, maring wong mengkono iki, kitab Subah kang angling, wong kang solat limang waktu, mingil dados bangawan, ing jro sadina sawengi, pasthi ilang najis ingkang aneng badan,
7. kaya mengkono wong kang solat, sadina lawan sawengi, asolat malih ping lima, pasthi lebur dosaneki, lan tobat wali-wali, nedha ngampura ing Yanggung, wonten pandita crita, kang manjing sawarga dingin, wong kang solat amilih waktu kang awal.

8. Dalil Kuran angandika, enggene manira manggih, ing surat Rosita, naraka kang awal iki, nggone wong solat iki, padha ngakiraken waktu, wong kang riya sadaya, lan wong kumed den silihi, kaya wong kang nyilih wadhung lawan tatah,
9. atawa mendhil lan pinggan, edom kular den silihi, tuwin sasapadhanira, pasthi wong iku, ing benjing, siksa ing dunyane, ing jro naraka Wel iku, kitab Jawahir ngucap, yaktine kang Maha Suci, aningali maring amal polahira,
10. ora ningali ing sukma, maring rupanira becik, balik ingkang tiningalan, atinira ingkang sami, madep maring Yang Widi, doh saking riya takabur, lan tan buruh aleman, ora hasud ora dengki, iya iku tandhane wong kinasihan.
11. Ingkang nama najis badan, kathahe pitung prakawis, rusak amale sadaya, lawan sakehing kabecik, malah ta dadi malik, dadi naraka amalipun, ing naraka Jahanam, sawiji wong gawe becik, karana amrih takabur ujub riya.
12. Kaweruhana pan iya, basa ngujub riya iki, tegese wong gawe amal, kadya solat sidkoh pitri, siyam lan haji iki, amrih gawok sadarum, manusa sasapadhan, hale cuma pamer iki, marga antuk papaes becik ing dunya.

—oOo—

VI. ASMARANDANA

1. Carita saking Jawahir, lamon ana wong ulama, anandha ing pangerane, anandha dadine nata, mrih gawok ing manusa, dadi cacad akiripun, dadi tiba ing naraka,
2. mangkana amale iki, ora tinarima pisan, sangsaya dadi siksane, kaping kalih sarta riya, tegese riya ika, amrih katon baktinipun, sarta amrih pangaleman,
3. ya amale wong puniki, ora tinarima pisan, sangsaya dadi siksane, kaping kalih sumpah ika, sumengguh sugih amal, amale den awur-awur, amrih krungu ing manusa,
4. sejane amrih pinuji, sarta amrih den alema, dening manusa liyane, iku ora tinarima, malah ta dadi siksa, kaping sakawan takabur, paksa luwih dewekira,
5. panganggone wong puniki, sakehe amale ika, ya luwih saking liyane, maka ngamale dadi cuma, Yang Sukma tan narima, malah dadi siksaniipun, tibang naraka Jahanam.
6. Kitab Subah kang wawarti, sing sapa magawe amal, amrih pinuji dening liyane, Allah taala ngandika, lah ta jaluka swarga, maring kang amuji iku, sira njaluka sawarga.
7. Angandika Hyang Widi, dhawuh dhateng malaikat, ing para manusa kabeh, ingkang sami gawe amal, sarwi buru aleman, sira malekat den gupu, cangkining ing naraka.
8. Carita saking Jawahir, den tirua ing manusa, ganjaran wong amal kabeh, mulane agawe amal, manawa olih timbang, ing dina akirat mbesuk, manjing sawarga kang mulya,
9. kaping lima hasud iki, tegese dengki wong ika, ngarep-ngarep ing ilange, nikmate manusa liyan, ingkang sami Islam sadaya, amrih mara patinipun, ngudubillahi minaha.
10. Kawuwus ing dalem tapsir, wartane pandita Balkan, ameled-meled ilate, sarta mati kapir pisan, dosane anenedha, madorote nabi agung, nabi Musa kalamullah.
11. Jawahir nyarita malih, sing sapa wonge nenedha, ing dunya

amrih peryayen, sarta dengki atinira, mring papadhaning Islam, den kubur mring amalipun, rinusak ing dengkinira.

12. Kaping neme amoyoki, maring celaning manusa, dosa wong kang pinoyok, sinungaken ingkang nyacad, mbesuk ing dina kiyamat, atakon ing amalipun, dhuk lagi ana ing dunya,
13. isun lagiya dhuk urip, gawe amal rosa sidkah, ing wong kabeh ta mangke, teka tan dadi mupangat, tekeng dina akirat, ngandikanira Yang Agung, amalira dhuk ing dunya,
14. wus sinuwuhaken iki, maring wong kang sira cacad, lamon duwe dosa gedhe, wong ingkang den cacad ika, sinungaken kang nacad, anadene kaping pitu, wong ngadu rajawisuna,
15. maring papadhaning jalmi, amrih padha tutukaran, tumbak cucukan cangkeme, tunggal ing rusaking amal, sakehe kabecikan, sinungaken amalipun, maring kang den ngadu ika.
- *) 16. Kitab Alkiyah kang angling, tatambane wong kang den cacad, tedhaken maring Allah, muga ngampura Yang Agung, ing dosanipun punika,
17. lan malihe mumugi, sinunga rakmat dening Yang, den oli padhang kubure, lan mumuga ampuraa, awak kula ing dunya, kalawan akiratipun, den lebura dosa kula,
18. manjing ing sawarga kari, wong tobat sawuse nacad, lamon sira nora kempok, manjing dingin ing naraka, sanadyan sira tobat, yen maksih ing alanipun, Yang Sukma ora ngapura.
19. Surat Asro ingkang angling, siksaniipun wong kang nacad, sinungan kuku ing tembe, kang luwih landep adawa, anyigar ing wadana, lebur-ajur rainipun, den cakari awakira.
20. Surat Asro angling malih, siksane wong mangan riba, tunu bangawan rah ageh, mangan sarwi binalangan, dening malekat kathah, minggir den bandemi watu, sesambat kalara-lara,
21. sesambate ngerak-ngerik, aneng bengawan ludira, binalang malih murdane, dening para malaikat, anging lamon Islam,

*) kirang sagatra

lawas-lawas nuli metu, pinanjingaken sawarga.

22. Pangandikaning Jeng Nabi, salallahu alaihi wasalam, manusa Islam sakabeh, yen ningali ing musahap, dadi bakti ing Allah, lan lamon sira andulu, ing mukane wong ulama,
23. dadi bakti ing Yang Widi, ingapura dosanira, lamon sih ing kakasihe, dahar sarta wong ulama, dadi bakti ing Rasulullah, winales dening Yang Agung, anyandhang sawarga mulya,
24. Angandika Kangjeng Nabi, wuwuh dadi kinasihan, wong alim rosa muruk, punika luwih utama, mungguh Allah taala, pan agung ganjaranipun, saking bakti satus warsa,
25. Ngandika malih Jeng Nabi, ing dalem kitab Mustahal, utawi manusa kabeh, kang sabar rido ing dunya, alim pekir ing dunya, hina wirang lampahipun, rido rena manahira,
26. iku wong alim utami, papaes mungguhing Allah, Yang Sukma sanget asihe, lan malih ana carita, saking Jeng Rasulullah, wong asih ing pekir iku, lakuning nabi sadaya.
27. Wong sengit ing uwong pekir, lakune kapis sadaya, kapis raja Piraune, lawan malih cinarita, saking Rasulullah, ing saban sawiji iku, pan sami duwe pambuka,
28. pambuka sawarga iki, sih ing pekir sadaya, wedi asih ing manahe, yaktine Allah taala, sih ing pekir sadaya, rumaksa ing rayatipun, kinanthi dalu lan siyang.

—oOo—

VII. KINANTHI

- *1). Kitab Subah kang anutur, turus lan kitab Dakoi, Kangjeng Nabi dhuk tumindhak, dhumateng kubur kakalih pisan, pan sami lara anangis.
2. Angandika Kangjeng Rasul, dhateng kubur kalih iki, sababe iku siniksa, dosane kang gedhe iki, dosane cilik nalaka, sababe siniksa iki,
3. dosane ing dunyanipun, kala nguyuh wong kakalih, kalawan bobotan tinja, tan bresih susucineki, yen nguyuha durung tutas, mulane siniksa iki,
4. kalelep ing najisipun, gelagepan mambu tai, anangis sasambat biyang, katuwone awak mami, dhuk isun ing dunya, angising ora beresih.
5. Dosane malih wong iku, ingkang sok ngadu-aduni, angudra-jawisuna, tumbak cucukan wong iki, ing tatangga padha Islam, den palar tukaraneki.
6. Lamun tangi saking kubur, manusa ngadu-aduni, lan manusa sok nduwora, caremedan angacuwis, binalik cangkeme ika, ana ing jijithokneki.
7. Sakathahe pekih muwus, ing pardune wong suci, kang wajib telung perkara, kang den ilangaken iki, iya rupa gandarasa, den ilang katiganeki.
8. Kitab Mustahal amuwus, yaktine Yang Maha Suci, datan aningali rupa, nenggih polahira iki, anging ingkang tiningalan, kudu apik dohir batin.
9. Wong apik sakehing laku, barang karyane wong iki, Yang Sukma langkung narima, ing iman amal wong iki, sanadyan bagus rupane, lampahe pan ora apik,
10. dadi najis badanipun, lawan najis dohir batin, sayogyane wong kang Islam, wajib padha angawruhi, ambuwang najis

*) kirang sagatra

punika, Bidayah Idkoh Jawahir.

11. Ratune najis puniku, sakehe wong kang kapis, musrik maring Rasulullah, yaiku ratuning najis, Asmarakandi lawan miptah, kang numpes sakehing najis,
12. lan kang numpes malhipun, Sitindurat Bayan Tasdik, papatin najis ika, wong kang tinggal solat iki, kang nyegah jakat lan siyam, lawan ora munggah haji,
13. papatihing najis iku, wong jinah lawan wong istri, lawan jinah padha lanang, lawan jinah padha istri, lan wong jinah dubur ika, wong mateni padha mukmin.
14. Dadi patih najis iku, kang ngrusak agama mukmin, toh-tohan lan nginum arak, kang ajrih ing padha mukmin, memaling lan ngobeng umah, wong kang mbegal padha mukmin.
15. Papatihing najis iku, wong neluh maring wong mukmin, surat Bakorot ngandika, wong sijir pan dadi kapis, kang tumpes ing najis ika, kitab Kuran lawan pekih.
16. Ibnu Abas mangke muwus, utawi najis puniki, iyaiku rong perkara, kang karihin najis dohir, kaping kalihe punika, ingaranan najis batin.
17. Najis kang dohir punika, iya rereged jisim, ilange kalawan toya, utawa lebu kang suci, kang numpes ing najis ika, sakehe ing kitab pekih,
18. ing kono pasthi tinemu, hukume ambuwang najis, Masail Idoh Muharor, Takrib kalawan Muhali, Nihayah kinawi Anwar, Ibnu Hajar lan Patawi,
19. Najis kang batin puniku, iya reregeding ati, ilange kalawan tobat, nelangsa maring Yang Widi, anangis nedha ngapura, unlat riyad lawan mahal,
20. Lamun sira durung weruh, rupane najis kang batin, takona maring ulama, kang ngaji kitab Jawahir, Bidayah kalawan Subah, Lulbab Minhajul Kobidin,
21. iyaiku kang anglebur, ing sakehing najis batin, mulane kabeh wong sasar, dening ora eling-eling, ing badanira sadaya, dadi

- klelep dening najis.
22. Utawi pardune wudu, nem prekara kathahneki, kang rumihin iku niyat, endi ta wudu punika, lan koco kaping kalih, iku amasuh rarai,
 23. lan malih wajib amasuh, ing pinggir raraineki, den cocok sirahe ika, kalawan kuping kakalih, lawan uwang karo pisan, lawan janggute puniki,
 24. lan malih wajib amasuh, ing ngati-atine kalih, lan alise karo pisan, lawan idepe kakalih, lan wajib amasuhana, bebrengose lawan rerewis.
 25. Lamon ana wong kang wudu, jejenggote dawa iki, wajiba den wasuhana, jaba jerone puniki, kang aran jejenggot arang, kang katon kulite iki.
 26. Dening wong kang sami lungguh, ing mangsa raina iki, kang sanget ing padhangira, sapocapan lan wong linggih, tur sakabeh kang kalingan, ing sakehe aling-aling.
 27. Lamon ana wong kang wudu, jejenggote kethel dadi, wajiba den wasuhana, jabane jejenggotneki, kang aran kethel punika, tan katon kulite mangkin,
 28. wajib marengaken iku, ana ing masuh rarai, pan saking jur ing wadana, aja dihin aja kari, lapad nawetu rapaal, hadasil asgar lilahi,
 29. sunat ngucapaken iku, kalawan lisane iki, wajib marengaken niyat, anedya kalawan ati, ngahayat lan sunat dingina, ing luhur wadananeki.
 30. Pardu kaping tiganipun, amasuh tangan kakalih, sarta sikut karo pisan, wajib karo den wasuhi, den corok ming duwur sirah, amasuh lengen kakalih.
 31. Lamon ana wong puniku, jariji nem sikilneki, atawa lamon luwiha, saking nenem kang jariji, wajib amasuh sadaya, sarta dampale puniki.
 32. Sunate amasuh iku, rada ndawakaken tanjil, tegese tanjil punika, ingkang luwih saking wajib, ing memasuhe wadana,

iku ingaranan tanjil.

33. Kang aran guruh puniku, amasuh tangan kakalih, sarta sikut karo pisan, sanget penyoroke iki, maring lengen karo pisan, iku ngaran guruh iki.
34. Lan kaping pate puniku, angusap sirah sadhidhik, angusap kuliting sirah, atawa rambute iki, kang kalebet saking sirah, lamon dawa pon tinarik.
35. Ora sah wong ingkang wudu, angusap rambute iki, kang kajaba saking sirah, luwih saking hadya rasi, yen kalebet saking sirah, esah wudune wong puniki.
36. Wajib kaping limanipun, amasuh suku kakalih, kalawan wanglune pisan, iku wajib den wasuhi, ado-ado kang sakawan, bebalung ingkang mendhekil.
37. Kaprahe angusap iku, ing embun-embune iki, yen ngusap embun-embune, atawa liyane iki, yen kalebet saking sirah, esah wudune wong iki.
38. Ingkang aran ngusap iku, kalawan banyu sadhidhik, lan lamon masuh wong ika, lawan banyu kabeh iki, dadi gegentine ngusap, sah wudune wong puniki.
39. Lan wajib kaping nemipun, iku ingaranan tartib, angarekaken kang wuntat, tegese kang aran tartib, ora esah wudunipun, lamon atinggal ing tartib.
40. Ora esah wudunipun, lamon atinggal ing tartib, lan liyane ngko nalika, sunah bae wong susuci, kaya maca bismillahi, masuh epek-epek kalih.

--oOo--

VIII. SINOM

1. Kaya kekemu ping tiga, angusap kaping kekalih, ngusap ing gerana ika, yeku ping telu ngusapi, Allah murah ing bumi, asih ing akerat mbesuk, lawan maliki yomidina, kang angratoni Yang Widi, dina baas mring kabeh geng alit kawula.
2. Wajib wong mukmin sadaya, ngaturaken sembah puji, dhateng pangeran kang mulya, sadina lawan sawengi, lan ping pitulas iki, yakne iyanakbudu, tegese ya sadaya, kang sami Islam puniki, anging sujud dhateng gusti Allah taala.
3. Wajib malih nenedhaa, pitulung dhateng Yang Widi, pikuwate ing agama, sarta agamaning mukmin, wa iyaka nastain, lan ing tuwan nedha tulung, nenggih badan kawula, sarta sariraning mukmin, lawan wajib nedha bener ingkang iman.
4. Lapad ihdinas sirotol, muga tutuhena gusti, anenggih raga kawula, maring dedalan mustakim, ya sirotol mustakim, dedalan kang bener iku, ya sirotol ladina, an amta alaihim, tegese dedalan ing-kang sinung nikmat.
5. Tegese kang sinung nikmat, yeku saking para nabi, lan para wali sadaya, kang sinung sih ing Yang Widi, ya goiril magdubi, alaihim warnanipun, liyane binendonan, yeku wong kapis Yahudi, kang maido Jeng Nabi manusa,
6. kang maido Toret ika, sadaya kapis Yahudi, mapan dadi kapis kitab, kang satus sakawan iki, alehim wa ladolin, liyane wong sasar iku, ya wong kapis Nasoro, kang maido kitab Injil, dadi kapis kabeh dhateng Nabi Isa.
7. Sapa maido wong ika, dhumateng nabi satunggil, dadi kapis wong punika, ing nabi sakehe iki, lawan wong laksa nabi, lawan nabi patang ewu, sapa maido kitab, saayat sakalimah iki, dadi kapis ing kitab satus sakawan.
8. Wajib wong mukmin sadaya, rukun dhumateng Yang Widi, sarate wudu sakawan, Islam tamyij lawan suci, lan adam kang nyegahi, ing tekaning banyu iku, mring kulit ingkang amlas,

tan nana kang ling-ngalingi, kaya pulut lawan malam lawan
liyan.

--oOo--

IX. KINANTHI

1. Utawi bataling wudu, punika limang prakawis, ingkang dihin kang amedhal, saking dedalan kakalih, kaya uyuh lawan tinja, anging mani jalu istri,
2. lan kaping kalihe turu, ora tetep dalem linggih, saking bumi genya lenggah, ya nonggeng bebokongneki, wong turu ngadeg punika, batal wudune wong iki,
3. kaping tiganipun weruh, ilang ngangale wong iki, sabab edan lawan ayan, kaping pat nggepok wong istri, kang gedhe dudu mukrimnya, batal wudune wong iki.
4. Tegese mukrim puniku, wong wadon haram kinawin, kalawan embok martua, dulur wadon lawan bibi, sakathahing sembah puji, iku laku wong solati.

—oOo—

X. SINOM

1. Allahu pangeran amba, kadi pundi tuwan gusti, pujine makluk sadaya, sakabehe bumi langit, isi karone iki, kalawan langit pipitu, sakathah barang-barang, liyane kang kocap iki, sakathahe pujine katur ing Allah.
2. Wajib wong mukmin sadaya, asujud dhateng Yang Widi, sadalu kalawan siang, telung puluh papat nenggih, ngadeg pitulas iki, lima tahiyat puniku, yeku kang den prekara, ingkang wajib den lampahi, sarta lungguh tahiyat akir ping lima,
3. nalika lungguh tahiyat, sadina lawan sawengi, wajib alungguh ping pitulas, sarta tumaninah malih, sajroning lungguh wajib, sadinten lawan sadalu, pitulas tumaninah, duh pangeran amba gusti, ngampura adohna ing dosa kawula.
4. Salawat lawan mualat, tartib lawan salam dihin, rong puluh kathahira, sadina lawan sawengi, kawruhana para mukmin, pardune solat puniku, kalih tus kawan dasa, lan punjul sakawan malih, nalikane sadalu kalawan siang.
5. Salat Subuh tigang dasa, punjul kekalih puniki, duhur seket nenem ika, asar seket nenem malih, na dene salat magrib, telung puluh papat punjul, na dene salat isa, seket nenem kathahneki, kawruhana peryayi mukmin sadaya,
- *) 6. lan wajib malih wong ika, ngaturaken rerubah ing, wengi nalikane ika, rerubah kang amberkahi, dhateng Yang Maha Singgih, tahiyat akir tegesipun, wajib malih ping lima, ing sahadat roro kathahe ping lima.
7. Lawan wajib malih ika, dedonga dhateng Yang Widi, nedha salamet ing dunya, dhateng raga pribadi, mukmin kang soleh sami, sarta dongakaken iku, inggih malih ping lima, sadina lawan sawengi, kalawan iya aweh rasaning salat.
8. Assalamu alaina, wa ala ibadis solihin, muga Allah maparinga,

*) kirang sagatra

salamat ing raga mami, lawan wong kang soleh sami, muga nylametana iku, wajib malih ping lima, sadina lawan sawengi, nggih punika wong antuk sihing Yang Sukma.

9. Sapa asih ing wong Islam, ya sih ing raga pribadi, sapa sengit ing wong Islam, sengit ing ragane iki, kocap hadis Jawahir, lan hadis Ajkiyah iku, kinon atut ing sanak, sakathahe para mukmin, iyaiku salat daim namanira,
10. yakne salat daim ika, aja pegat sira dikir, den rosa maca salawat, kalawan Kuranil adim, ya para wali inggih, ing makaten lampahipun, yogya sami tirua, marga ingkang luwih adi, iya iku tandhane wong kinasihan.
11. Wong olih sihing pangeran, dangan denira nglampahi, sapa wonge arep sapocapan, kalawan Yang Maha Singgih, macaa Kuran sami, den beresih lisanipun, lan bisa maknanira, lan bisa murade malih, yaiku sapocapan kalawan Allah.
12. Kitab Insan Kamil kandha, Kuran ahadiyat ugi, Kuran nama uluhiyah, basa uluhiyah iki, wahidiyat yaiki, uluhiyah nama-nipun, basa kitab sadaya, satus sakawan puniki, inggih punika sandine nama Kuran.

—oOo—

XI. DURMA

1. Wonten ingkang dumadi sadaya ika, ya nur Muhammad ugi, kathah julukira, nama nur Muhammad ika, Akyan Sabitah kang rihin, kaping kalihnya, jejuluk Adam Mukmin,
2. Roh Idopi jujuluk kaping tiganya, kaping pat Roh Robani, Imam Mubin lima, juluk kaping nemira, Haki Iyki Lasai, kaping pitunya, jejuluk Kanjuhapi,
3. kaping wolu Badrul Alam, kaping sangane iki, yeku Adam Awal, ya nur Muhammad ika, kaping sadasane malih, jejuluk Kolam, sawelas Rasulullah,
4. Rakmani kaping kalih welas, tigalas Alam Sagir, ping padwelas ika, jejuluk nur Muhammad, ingaranan Alam Kabir, kathah liyanya, yeku jejulukneki.
5. Wonten malih satengah pandita ngucap, sing sapa angawruhi, asma Jeng Muhammad, tatkala diri medal, pan agung sawabe ugi, lamon tan wikan, ya tan sah Islamneki.
6. Kawruhana asale waktu lelima, saking nur Muhammad nggih, kang ndadekaken ya, dening Yang Maha Mulya, ingkang murbeng nur puniki, Jawahir awal, yaiku Roh Idopi,
7. Roh Idopi kang nyawa nabi Muhammad, asalipun puniki, saking sipat Jalal, kalawan sipat Jamal, kathahe sipat puniki, sipat Iradat, karseng Yang Maha Singgih,
8. Ngalap murad saking sara kitab Durat, Mupid lan Talminasi, lan saking muradnya, Patahul Mubin ika, kalawan kitab Sanusi, ngalap muradnya, saking kitab pat iki,
9. ingkang nyawa Kangjeng Nabi Rasulullah, tan medal nyawaneki, saking jalal Jamal, balik medal nyawanya, saking sifat Kohar iki, lawan iktikar, pan tunggal makluk wanadi.
10. Kawruhana sifat kang manjing iktikar, lan manjing Kohar neggih, Kodiran Muridan, Aliman lawan Hayan, lawan Wahdaniyat nenggih, Kodrat Iradat, lan Ilmu Hayat iki,
11. Kawruhana sipat kang satengah ika, punika sipat wajib,

mungguhing pangeran, mulya kakalih sipat, kang wenang anyar sakalir, tan asung anyar, pan sami alamneki.

12. Sampun kocap ing Kuran surat Anbiya, Kangjeng Nabi Ibrohim, den obong ing kupar, tan panas wulu slembar, tandhane alam puniki, tan asung nyar, dhateng liyane iki,
13. Kawruhana sipat kang manjing Istignah, kang dadi nama sugih, ing Yang Maha Mulya, sabab adarbe sipat, kathahe sawelas warni, sipat kang wenang, kalih kang manjing sugih.
14. Kawruhana sipat kakalih kang wenang, kang manjing nama sugih, iku ing pangeran, damel alam sadaya, ora mokal ora wajib, wenang kewala, mulane nama sugih,
15. lan malihe mulane sugih nama Allah, gawe alam sakalir, ora ngalap upah, jenenge gawe alam, ing anane alam mangkin, bedha yen kasab, ngalap mupangat iki.
16. Kawruhana sipat kang manjing Istignah, kang wajib ing Yang Widi, kathahe sawelas, sipat Wujud lan Kidam, lawan sipat Bako iki, sipat Muhalapatu lilhawadisi,
17. Wal-kiyamu Binapsihi Kama Basar, lan sipat Kalam iki, Samian Basiran, lawan Mutakaliman, wus jangkep sawelas warni, sipat Istignah, kang wajib ing Maha Singgih.
18. Wonten kecap nyawa Rasul Johar Awal, didamel tandha Yang Widi, kanyata pangeran, yen Allah kang kawasa, tanana ginawe dihin, mung nur Muhammad, ingkang ginawe dihin.
19. Wonten kecap nyawa Rasul Gedong Samar, ngenggon simpen Yang Widi, kang murba amiarsa, sang Johar Awal ika, tan pernah sujud ing gusti, ya Gedong Samar, sayakti ing bahari,
20. iya den kon dadi dewek Johar Awal, kinon dening Yang Widi, damel kabeh alam, tan bisa gawe alam, ngarasa apes pribadi, sang Johar Awal, nulya sujud ing gusti,
21. nulya ya sujud namanya Johar Awal, ping lima sampun nuli, rohe lan sarira, sampun baleb samana, jumeneng Muhammad luwih, wajib sadaya, salat ping lima iki.
22. Wus pinasthi karsane sang Johar Awal, tan sujud maring gusti,

- sabab karsaning Yang, purun sujud punika, saking kersaning Yang Widi, sapuluh ika, pinasthi Allah kang kardi,
23. Subuh Duhur Asar Magrib lawan Isa, kinon muji Jeng Nabi, muji Subhana Allah, lawan Alhamdulillah, wa lailaha Ilallah iki, Alahu Akbar, tekeng aliyil adim.
 24. Alhamdulillah aksaranipun lilima, alip atudhuh iki, waktu Duhur ika, kinarya pat rakaat, sakawan sami ngadepi, tutug lan grana, paningal lan miarsi.
 25. Angandika Allah ing Nabi Muhammad, lam lapad alhamdu iki, tudhuh waktu Asar, inggih patang rakaat, sabab sira asal mani, lan madi ika, manikem papatneki,
 26. waktu Magrib medal saking aksaranya, ya tigang rakaat, heh Muhammad sira, adepna ing lisan malih, ngadep lengnira, irung kakalih iki,
 27. waktu Isa medal saking mim punika, pat rakaat nenggih, ngadep dadanira, sarta lan gigirira, lan malihe angadepi, ing lambung kiwa, lan lambung tengeneki,
 28. waktu Subuh medal saking aksara dal, kalih rakaat nenggih, wawateke benjang, maring umat sadaya, rakaat ingkang rumihin, ngadepi badan, ping kalih nyawa iki,
 29. Alhamdulillah aksaranipun lima, mula patihah iki, wajib winacaa, saban-saban rakaat, yoga sakathahe mukmin, weruha sira, asale waktu iki.
 30. Salat Subuh kadarbe ing Nabi Adam, dhuking Kangjeng Nabi, tinundhung dening Yang, saking sawarga mulya, medal maring dunya iki, nulya tumiba, ing nagara Selan aglis,
 31. Nalikane ing dalem dalu Jumuah, sanget petengneki, waktu Subuh ika, hale padhang ing wetan, dhuk metuning pajar sidik, Jeng Nabi Adam, salat rong rakaat iki,
 32. milanipun Nabi ngabakti ing Allah, lujeng sariraneki, Adam Kalipatullah, saking peteng sadaya, rakaat ingkang rumihin,

*) kirang sagatra

sukur ing Allah, ilang pepeteng wengi.

33. Kawarnaa rakaat ping kalih ika, sukur Nabi ing Yang Widi, manggih padhang raina, mula Subuh punika, tetep kadarbe samangkin, ing Nabi Adam, iku purwane dihin.
34. Waktu Duhur kathahe patang rakaat, Ibrohim kang ndarbeni, dhuking kinon ika, nembeleh ingkang putra, kang nama Nabi Ismail, dening pangeran, nalika wulan Haji,
35. nulya mandheng Ibrohim dhateng kang putra, lagya nembeleh iki, nabi nuli sadar, tumingal dhateng kiblat, pat waktu Duhur puniki, sinalin mindha, saking sawarga adi,
36. dadi ilang prihatinira ing manah, dene mbeleh tan lingsir, nabi dhuk samana, sukur dhateng pangeran, anembeleh mindha nuli, rido ing Allah, dhateng nabi Ibrahim,
37. nuli salat Duhur nabi Ibrahim ika, patang rakaat aglis, rakaat kang awal, pan sababe punika, dene mbeleh tan lingsir, ping kalihira, sukur nabi ing Yang Widi,
38. salamet saking sakathahing rencana, rakaat tiganeki, sukur nabi ing Yang, ilang prihatinira, kaping sakawane malih, sukur maring Yang, sinalin dhangdhang gendis.

—oOo—

XII. DHANGDHANGGULA

1. Salat Asar ingkang andarbeni, nabi Yunus alaihisalam, patang rakaat kathahe, kalane nabi Yunus, ingutus dening Yang Widi, kinon anyelamena, maring umatipun, kang sami kapis sadaya, kinon anut agama ing kangjeng nabi, dhateng gusti kang mulya.
2. Angandika Yang Kang Mahasuci, Heh Yunus sira den Islame-na, sakehe wong kapis kabeh, konen macaa iku, ing sahadat kalimah kalih, lamon tan purun padha, pasthi sun lebur, sun siksa padha sadela, lamon gelem Islam sakehe wong kapis, salamet dunya kerat.
3. Nulya kesah nabi Yunus iki, ngislamaken wong kapis sadaya, ya den Islamaken kabeh, nanging wong kapis iku, maido ing sabdaning nabi, nabi Yunus ngandika, yen tan purun, aja nuli takon sabab, pasthi wuwuh siksane Yang Mahasuci, prapta ing sanalika,
4. Lamon sira purun Islam iki, ora teka siksaning pangeran, salamet ya sira kabeh, lih nikmat sira iku, ora perang ing dunya iki, yen ora gelem Islam, dadi sira iku, olih siksaning pangeran, temahane dadia hud sira iki, ing dunya lan akerat,
- *) 5. Sami matur sakathahe kapis, yen tan rawuh siksaniipun ika, maring kapis sakabeh, sadaya sami matur, wau dhumateng Yunus nabi, Jeng Yunus nulya kesah, sarwi ngucap rasakena, siksa pangeran rawuh nalika ugi, mangsa tan lebur sira.
6. Sampun lepas lampahhe jeng nabi, antarane datan katingalan, nulia rawuh siksane, siksa geni ing luhur, angungkuli dhateng nagari, pan uninga sadaya, sakehe wong kupur, anuli Islam sadaya, sami maca sahadat kalimah kalih, nulya wurung den siksa.
7. Panyanane Kangjeng Nabi, wus den lebur nagara punika, kang sami maido kabeh, panyanane mpun lebur, dereng Islam nyanane nabi, wangsul dhateng nagara, kangjeng nabi Yunus, karsane ayun uninga, bebatange wong kang den siksa puniki,

x) kirang sagatra

den nyana geseng samya.

8. Den tingali nagarane iki, lawan manusa saking mandura, dene teka wutuh kabeh, nyanane nabi Yunus, den cidra dening Hyang Widi, jangine yun siniksa, nagara puniku, kapanggih wutuh kewala, dadi wurung jeng nabi dhateng nagari, ngraos mboten kaduga,
9. mboten kantos den pariksa malih, nulia kesah saking nagara, purik dhateng Yang Manone, kesahe nabi Yunus, tan kalawan idining gusti, dene pegel manah, wau nabi Yunus, nyanane pangeran cidra, iya mulane jeng nabi kesah purik, nut sapa-raning raga.
10. Nulya anut ing wong dagang aglis, ingkang siweg padha dhangdhan layar, ya den etut ing karsane, nabi andika sampun, dhateng parahune wong kang gerami, isun nunut ing sira, nedha rido isun, yen nunggang parahunira, nauri saban-saban juragan sawiji, sumangga karsa tuwan.
11. Sampun sami malebet sakalir, nabi Yunus malebet baita, sarta binabar layare, masang kamudi sampun, kumaruwuk ling ing wuri, ombake mumpal-mumpal, lawan sampun dangu, anggane ambabar layar, nulya wus dungkap ing tengahing jaladri, kandheg ingkang baita,
12. nora bisa maju-maju malih, nora mundur nora maju pisan, kantos pegel ing manahe, sampunipun adangu, apikir sami geguneman, lan sabaturipun, mojar nakoda satunggal, ahli ijum kang awas sababe iki, kapriksa ing petangan.
13. Mila kandheg parahune puniki, sabab ana manusa kang minggat, apurik saking gustine, aneng jroning parahu, tinakonan sadaya sami, kawula mboten minggat, anging sauripun, pan sami tunggal pangucap, sakathahe manusa sajroning keci, akon undi wong minggah,
14. amiraos kang ahli laduni, yen sawiwi lan kanca sadaya, ya den undi sadayane, para nakoda muwus, sampun rempag sadaya sami, nulya undi kinarya, sakehe winuwus, tuk oman satunggal sewang, sakathahe kang aneng keci, kon nyandhak

satunggal sewang.

15. Asung jangji ki ujum ing jalmi, sakathahe kang aneng baita, sami sumangkep karsane, sakabeh undinipun, binedholan salah sawiji, ya sinten ingkang angsal, bebundelanipun, pinasthi punika kang minggat, iya ingkang purik saking gustineki, swawi sami binuwang,
16. ya sami kinon sakancaneki, pan anyandhaka satunggal sewang, wus padha nyandhak sakabeh, slamet sadayanipun, mboten antuk ing undineki, nabi Yunus kocapa, kang anyandhak wau, dhateng ing undi punika, andadak sira nyan-dhak kang ana ciri, wus karsaning pangeran.
17. Kawarnaa nabi Yunus nenggih, binuwang satengahing sagara, karsane juragan kabeh, sampun kelem ing banyu, nabi Yunus aneng jaladri, wartane wus den untal, dening iwak Enun, tigang dalu lan raina, nabi Yunus wonten lebeteng jaladri, ing jro garbaning iwak.
- *)18. Siang dalu nabi Yunus nangis, sanget tobat dhateng Hyang Sukma, nelangsa jero manahe, ing lebeteng ulam Nun, siang dalu tansah kayekti, kang den waca iku, lailaha ilallah anta, subhanaka ini kunta minadolimin, tegese ya mangkana,
19. mboten wonten ya pangeran malih, anging Allah kang purba-wisesa, kang Mahasuci edate, satuhune pan iku, satengah saking wong dolim, pan dening siraga amba, anyana Yang Agung, temahe kesah anglantar, tanpa pamit amba dhuma-teng Yang Widi, lan idining Yang Sukma.
20. Kawarnaa pan nulya aminggir, iwak Nun mentas saking samudra, ya karsaning Yang Manone, sinemburaken sampun, nabi Yunus tibeng kekisik, undi maksih kabakta, wonten astanipun, nuli tumanceb undinya, wus pinasthi nenggih wonten ing pasisir, undi cukup rempayak,
21. ngaubi ing sarirane nabi, pan anolak panas ing satriya, kayu undi ya wastane, lesu sariranipun, langkung lawas wau jeng nabi, kocap kidhang satunggal, anusoni iku, ing nabi Yunus samana, langkung welas pun kidhang wau ningali, ing nabi

x) kirang sagatra

Yunus ika,

22. nalikane saban mangsa enjing, angaturi puhan kidhang ika, saban-saban mangsa sore, nabi Yunus angunjuk, saking kidhang kang angaturi, nulya dadia kuwat, kangjeng nabi Yunus, pan nulya tangginas pisan, nulya lir kadya dhuking lagi rumihin, saderengipun minggat.

--oOo--

XIII. SINOM

1. Ngandika para ulama, dudu kidhang anusoni, warak kang nusoni ika, makna sanes lapad tunggil, parbut lapad walihi, sone angucap waluhu, kang saweneh punika, ana ing maknane malih, iyaiku ingkang dadi parbutan.
2. Nabi Yunus kawarnaa, negari kang dados runtik, ing makna Jeng Nabi ika, Banawi lapade iki, tegese lapadneki, wus Islam sadayanipun, sakathahe kaumnira, kocap Nabi Yunus mangkin, genya mantuk maring Banawi nagara.
3. Wus teka sakethi warsa, langkung kalih ewu warsi, ngucap satengah pandita, linangkung saking sakethi, ijlrahe kaol siji, langkung kalih dasa ewu, kang lawane angucap, langkung tigang ewu warsi, kang saweneh angucap pitung ewu warsa.
4. Satengah pandita ngucap, linangkung saking sakethi, langkung pitung dasa nambang, sinung kuwat Yunus nabi, dening Yang Maha Suci, samana Jeng Nabi Yunus, anuli salat Asar, patang rakaat Jeng Nabi, sanget sukur Jeng Nabi dhateng pangeran,
5. dene rakaat kang awal, sukur Nabi ing Yang Widi, ilang pepeteng samudra, lawan ombaking jaladri, lan rakaat kaping kalih, sukur Nabi ing Yang Agung, ilang pepeteng toya, dadi padhang toya wening, kaping tiga sukur Nabi ing Allah taala.
6. Luput saking pancabaya, ilang pepeteng wengi, rakaat kang sakawan, sukur Nabi ing Yang Widi, den wedalaken iki, saking lebeteng iwak Nun, slamet tanana baya, mila karsaning Yang Widi, nabi Yunus andarbeni salat Asar.
7. Salat Magrib kawarnaa, Nabi Isa kang ndarbeni, ingkang putra dewi Maryam, negarane Nabi Israil, Imron kang darbe siwi, dewi Maryam langkung sewu, musaharap jatullah, dening kapir nasarani, Nabi Isa den dalih putraning Allah.
8. Nabi Isa ingaranan, dhateng kapir nasarani, iya pangeran kang awal, dene pangeran ping kalih, dewi Maryam puniki, pangeran kang kaping telu, yeku Allah taala, nabi Isa lang-

kung ajrih, nuli salat Magrib pan Jeng Nabi Isa.

9. Dene rakaat kang awal, ajrih dhumateng Yang Widi, yen Allah tan angge garwa, mapan Allah Maha Suci, rakaat kaping kalih, ya sanget mboten angaku, umu dadi pangeran, rakaat ping tiganeki, Nabi Isa maha sucekaken Allah,
10. Maha Suci gusti Allah, saking adoh .laki rabi, sumawona apeputra, pan lam yulad walam yalid, Jeng Isa langkung ajrih, dhateng Yang kang Maha Luhur, wonten putraning Allah, dening kapir nasarani, ingkang ibu nastanan garwaning Allah.
11. Nabi Isa langkung wirang, dhateng Yang kang Maha Singgih, dene teka ingaranan, putraning Allah sayekti, dening sakehe kapir, ikulah purwane wau, Nabi Isa Rohullah, kang ndarbeni salat Magrib, wonten malih kawarnaa salat Isa,
12. dhuking mulih Nabi Musa, saking Madinah witneki, wonten ing bait Mukadas, kalih garwane Jeng Nabi, putraning Sueb Nabi, madulur lan Nabi Harun, kocapa sanalika, Nabi Sueb puniki, ing Madinah ya tansah ayun sasaba,
13. karsane Jeng Nabi Musa, yen mulih ing nagari Mesir, anging tan uning ing marga, sabab kasapu ing wengi, nulya wonten marmaning, Yang Widi aweh pitudhuh, anjog Mesir nagara, sarta lujeng Kangjeng Nabi, selamat saking sakehe pancabaya,
14. lan malihe gusti Allah, anganggahaken tumuli, liyane saking kang garwa, kang kapisah dhuk angawi, minanggahaken malih, kalawan saderekipun, Nabi Harun kang nama, kang lenggah ing Bani Israil, dhuk samana wonten marmaning Yang Sukma.
15. Ingutus ya Nabi Musa, Islamaken ratu kapir, raja Pirngon namanira, kalawan sabalaneki, kinona Islam sami, kinon anut agamanipun, Jeng Musa Kalamullah, nulya mangkat anglu-rugi, raja Pirngon sampun kalah yudanira.
16. Kalindih negaranira, sakarine ingkang mati, ya sami Islam sadaya, sakathahe bala Mesir, nalika antuk wangsit, miarsa sabdaning Yang Gung, wonten gunung Tursina, yen bade menang ing jurit, waktu Isa dhuk miarsa sabdaning Yang.

17. Datan mawi lantaran, ngandikane angliputi, ora kalawan sawara, pangandikaning Yang Widi, ora kalawan lathi, lan ora kalawan hurup, kocap ing dalem Kuran, pangandikaning Yang Widi, yeku wa kalamullah Musa takliman.
18. Nabi Musa salat Isa, patang rakaat puniki, dene rakaat kang awal, sukur Nabi ing Yang Widi, kapethuk garwaneki, rakaat ping kalihipun, sukur nabi dhateng Yang, kapanggih lan kadangneki, Nabi Harun dene rakaat kaping tiganya,
19. sukur Nabi ing Yang Sukma, sabab menang perangneki, rakaat kaping sakawan, sukur Nabi ing Yang Widi, yen bakal menang sabil, wong Mesir Islam sadarum, asale salat Isa, kang ndarbeni Nabi Musa iki, iya iku Nabi Musa Kalamullah.

--oOo--

XIV. ASMARANDANA

1. Sandane ngandika nabi, sing sapa asukan-sukan, dhuk kala-ning dunyane, wedi nangis aneng akerat, sing sapa rosa tapa, lesu lupa awakipun, nembe ana ing sawarga,
2. wong luweh ing dunyaneki, den kasihi ing pangeran, wong murka sandhang pangane, dadi kakasihing setan, Kangjeng Nabi ngandika, wong luweh ing dunyanipun, dadi wareg ing sawarga.
3. Sapa kasab halal iki, amrih karaksa wong ika, saking anjajaluk mangke, lan lamonan amalira, ngawikani mring rayat, lawan welasan wong iku, ing tatanggane kang nistha,
4. nulya teka wong puniki, ing benjang dina kiyamat, nyaosaken wedanane, warnane pan kadya wulan, nalikane purnama, Tanhibul Gapilin iku, ya kitab ingkang wawarta,
5. sapa amrih dunya iki, dunya ingkang sami halal, amrih akeh-akeh bae, lamon amriha ing riya, lan amrih bungah-bungah, ing dina kiyamat mbesuk, ya benduning Yang Sukma,
6. apanggih lawan Yang Widi, mbenjing ing dina kiyamat, binendon dening Yang Manon, maring wong kang sukan-sukan, Tanhibul Gapilina, enggene ngandika Rasul, pasthi sidik kandikanya.
7. Kang wajib ginawa mati, kathahe patang prakara, iman lan tauhid mangke, makripat kalawan Islam, sampurna ingkang iman, ngajiya Bahjatul Ulum, Bayan Tasdik lawan Miptah.
8. Tegese makripat iki, ingkang awas ing pangeran, yen sira yun awas mangke, ngajiya Durat lan Usul ika, tegese kang ran kitab, aliwat sagara gunung, padha sira lampahana.
9. Tegese kang aran tohid, aja sira nyana-nyana, yen ana pangeran roro, ya balik nyanaa sira, pangeran mung satunggal, Maha Suci Maha Luhur, Molana Jalal wangaja,
10. yen wus wruh sanak mami, tegese Allahu Akbar, yeku langkung agunge, pasthi luwih parek sira, lawan makluk sadaya, ing jaba jerone iku, pasthi amor lan pangeran.

11. Ingkang aran makluk iki, ingkang katingal sadaya, bumi kang pepitu kabeh, lan sarta isine pisan, lan langit pitu ika, iya lawan isinipun, pasthi amor lan pangeran,
12. amore makluk lan gusti, umpamane lebu tiba, dhumateng sagara kabeh, seja lebu punika, pasthi iku sagara, jerone sagara iku, pasthine iya sagara,
13. pan kadya makaten ugi, amore makluk sadaya, sarta lawan pangerane, jabane makluk sadaya, pasthi iya pangeran, salebete makluk iku, pinasthi iya pangeran,
14. bedane makluk lan gusti, ya lamon tinugel sigra, bongbok binuwang awake, remuk tugel gesang ika, anging makluk kewala, ora tugel ora remuk, pangeran kang Maha Mulya,
15. yaktine kang Maha Suci, ora lara lan kapenak, lan ora nana gantine, kalawan tan ambu eca, ora mosik tan menenga, pasthi sanes lawan makluk, lan agung tanpa wekasan,
16. pangagenge makluk iki, ingkang nama Aras Allah, pan maksih wonten pinggire, lan maksih ana wangenan, bedane lan pangeran, tan ana pinggiripun, agunge tanpa wangenan.
17. Sampurnane Islam iki, den rosa ngajiya kitab, ya Usul Pekih sakehe, tasawup miyang hakekat, sarta den lampahana, sakabehe prentahipun, ya sampun dadi Islamnya.
18. Iki ilmu kang sayekti, wajib kinon weruhana, aja esak sira kabeh, ngawruhi ilmu agama, kabeh asal sing Kuran, lamon esak dadi kupur, ya kupure patang madhab,
19. kang wajib sira kawruhi, dedalan patang prakara, aja ngambah ing liyane, hadis dalil kiyas ijma, iku marga kang mulya, sapa ngambah marga iku, selamat dunya akerat,
20. tegese kang aran hadis, kandikane Rasulullah, kang nama dalil tegese, yang pangandikaning Allah, ing dalem kitab Kuran, tegese kiyas puniku, tulada para ulama,
21. tegese ijma puniki, ilmu kang sampun mupangat, ing para madhab sakabeh, Imam Sapingi kang wetan, Hanapi loring kabah, Imam Hambali kang kidul, ing kulon Maliki Imam.

22. Sapa nglampahaken ilmi, liyan saking pat prakara, pasthi dadi sasar kabeh, sabab iku ilmu bidah, tan mupangat lan sara, aja nglampahaken ilmu, liyan saking pat prakara.

—oOo—

XV. MIJIL

1. Angandika nabi kang sinelir, kitab kang nyarios, ing jerone Mustahal arane, kitabe olih sunah wong iki, sira amateni, ing damar kang murub,
 - *)2. lamon turu ora den pateni, damar punang uwong, mapan dadi amider artane, lawan mideraken artaneki, setan kang ngeridu,
 - *)3. aja nibakaken artaneki, balikan punang wong, sucekaken iku artane, anggur ginawe sangu munggah haji, maring Mekah mbenjing, yen wus den jakati, den gawea sangu,
 4. Jegar-jegur den sambi bebedhil, artanira kalong, mapan amrih sukan-sukan bae, eman temen artane minatir, nora perang sabil, sangune anglurug.
 5. Lamon ana wong alim ningali, maring wong kang bodho, ingkang anglampahi ing dosa gedhe, nunten padha mboten purun angling, dosane wong puniki, dadi nanggung melu.
 6. Kitab Insan Kamil ingkang angling, naraka Dala wong, kang kinarya ya caone sanes, ing wong alim ingkang angling, maring wong kang munkir, naraka kang nyawuk,
 7. lamon ora kawasa ing angling, macaa kemawon, ing donga ikilah wawacane, Allahuma inna hada munkaruni, fala tahudni, sawabe puniku,
 8. binalekaken kalawan angling, wong munkir Yang Manon, lawan malihe pinadhakake, perang sabil kalawan wong kapis, Patul Jawad iki, kitabe kang nutur,
 9. kawarnaa sabdane jeng nabi, sing sapa punang wong, nora nugel iya ing kukune, dadi padha dawa kukuneki, padha lan wong iki, jinah lawan biyung,
 10. malih pitung puluh jinahneki, lamon tangan karo, amangan sami panjang kukune, lamon panjang lawan karo sikil, padha rupek rijki, adoh bagjanipun,
- x) kirang sagatra
x) langkung sagatra

11. Sapa wonge nugel kukuneki, dina Saptu reko, dadi manjing wong iku larane, dadi padha metu warasneki, yen Ahad puniki, lamon nugel kuku,
12. dadi manjing ing miskine iki, dadi metu mangko, ing sugihe uwong iku kabeh, lamon ing dina Isnén puniki, medal laraneki, lara edan mundur.

--oOo--

XVI. DURMA

1. Ngalap murad manira ing kitab Insan, sinten aparas iki, ing nalika ika, haji dhateng Kakbah, lan nalika ika rare cilik, kang maksih jabang, umur pitung dina iki.
2. Lan wong kapis nalikane manjing Islam, sunah acukur iki, ingkang liyanira, saking tigang prakara, ora sunah ora wajib, wenang kewala, kitab Aknah kang angling,
3. sara kitab Bayan Tasdik kang nyarita, sunah wong paras iki, dhuk ikram ing Mekah, kitab Aknah ngandika, sampun mupangat samangkin, lan kitab liyan, sarae Bayan Tasdik.
4. Ngalap murad manira king kitab Anwar, sinten aparas iki, arep aweh paras, saking sirahe kanan, lan wekasane pan iki, sirah kang kiwa, nadyan ana sakedhik.
5. Sunah malih wong cukur madhep ing kiblat, kalawan sunah malih, mendhem rambutira, lawan sunah wong ika, ya amendhem kukuneki, makruh istri paras, anging yen lara mesthi,
6. lawan makruh mungguh ing wong wadon paras, anging lamona gering, wenang paras sira, nora makruh yen paras, kitab Aknah ya kang angling, tatkala dosa, mrih banyu padha manjing,
7. maring jeroning kukunira sadaya, dadine iku wajib, nugel kukunira, drapon kongang manjinga, ing labete kukuneki, mungguh agama, lan kawarnaa malih,
8. wajib wong padha nugel kuku sadaya, darapon kening manjing, ya toya janabat, haid nipas wilada, lawan toya adus mayit, ngalap muradnya, saking kitab Mahali.
9. Lamun sira ayun sanget kinasihan, den rosa ngaji pekih, usul bru ibadah, tasawuf lawan Quran, parentahe den lakoni, den rosa ngaji, sinom imanya luwih.

XVII. SINOM

1. Tegesipun Ahadiyat, singgih tunggal ing Yang Widi, Allah pangeran kang Mulya, nama Ahadiyat singgih, mila pangeran luwih, nama Ahadiyat iku, dene edate tunggal, tan kena dinulu malih, gusti Allah ora jisim alus wadag.
2. Anapon tegese Wahdat, pan tunggal ilmune gusti, Allah pangeran kang Mulya, ya nama Wahdat sajati, milane Maha Suci, nama Wahdat tegesipun, sabab ilmune tunggal, sakehe alam sakalir, kauningan lawan piyambek kewala.
3. Alam Arwah Alam Misal, lawan Alam Ajsam singgih, Alam Insan Kamil ika, ben kinawruhan pribadi, ya ilmune Yang Widi, tan kafawan dipun wuruk, tan kena bodho Allah, ora kena lali-lali, iya iku tegese martabat Wahdat.
4. Tegese Waahidiyat, apngalullah mung satunggil, saban ing alam sadaya, dinamel piyambak ugi, Allah kang Maha Suci, wa ahidiyat ranipun, milane gusti Allah, nama wa ahidiyat nggih, saban-saban alam dinamel pribadya.
5. Alam Arwah Alam Misal, pan Alam Ajsam sakalir, alam Insan Kamil ika, mapan dinamel pribadi, kang nama apngalullah, Kudrat lan Iradat iku, yen sira yun waspada, ningali dhateng Yang Widi, ngajiya Samarkandi kalawan Durat.
6. Ingkang nama Alam Arwah, maring sakehe roh iki, ingkang nama Alam Ajsam, sakathahe jisim iki, jisim wadag sakalir, lan sakehe jisim alus, kang nama Alam Ajsam, dene Alam Insan Kamil, iya iku manusa ingkang sampurna,
7. tegese manusa tama, iya iku Kangjeng Nabi, Rasulullah pat prakara, Alam Ajsam Insan Kamil, pan sami anyar iki, pan sami anyar sadarum, Alam Arwah Ajsam, lan Misal Insan Kamil, yaiku sadaya sami padha anyar,
8. Ngucap pandita satengah, ingkang nama Insan Kamil, iya alam kang sampurna, ya sipat kalawan tartib, logat Quran wus luwih, limpad makna muradipun, lan rosa taat ika, sakathahe ilmu pekih, den lampahi parentahipun sadaya.

9. Kitab mantek cinarita, kang aran manusa iki, iya hewan bisa wicara, ingkang nama insan iki, nadyan sakehe kapid, tunggal aran insan iku, hewan bisa wicara, bisa rarasana iki, iya tunggal lapad insan namanira,
10. manira ngalap muradnya, saking tafsir akir iki, nokil saking surat Insan, lan surat Birobinasi, kang ran manusa iki, kapid lan Islam sadarum, mapan sami manusa, cariyane Quran adi, ya pasthi sidik ingaranan manusa,
11. carita king kutbah Jumah, manusa Islam puniki, lamonan tinggal sembahyang, limang waktu ingkang wajib, ingaranan luwih najis, saking celeng lawan asu, manusa tinggal salat, cinegah dahar atunggil, bebarengan lan manusa tinggal salat,
12. ya carita saking Quran, ing surat Tobat kang angling, sayaktine luwih ala, ingkang kembar metuneki, aneng bumi puniki, manusa kapid sadarum, ingaranan luwih ala, yen manusa kapid musrik, luwih najis timbang celeng lan cemera,
13. ya carita saking Quran, manusa mukmin puniki, ingaran urip sadaya, wonten ing akerat mbenjing, lan malih den arani, duwe akal wong puniku, pangucap lan paningal, beda kalawan wong kapid, aran bisu edan mati tuli wuta.
14. Caritane saking Durat, aran Burhan awal iki, tandhane ananing Allah, anyare alam sakalir, ingkang dipun wastani, alam ingkang nganggit iku, alam Arwah lan Misal, lawan alam Ajsam iki, alam Isan Kamil kabeh iku anyar.
15. Ahadiyat lawan Wahdat, kodim ajali abadi, martabat wa ahadiyat, iya ajali abadi, teges kodim ajali, dihin piyambek kang Agung, adihin datan ana, tegese basa abadi, gusti Allah anane tanpa wekasan.

—oOo—

XVIII. PANGKUR

1. Wonten hadis kang rinipta, yaiku ingaranan hadis kudsi, sakathahe roh winuwus, sami kumpul sadaya, ing gigire Jeng Nabi Adam karuhun, mila ingaranan rohyat, tegese roh ingkang mukdid,
2. saderenge winoworan, lan bangsane ingkang patang prekawis, pangeran kang Maha Luhur, mangka nuli akarsa, saban rohyat cinampur bangsanipun, ngandika ing malaikat, den utus dening Yang Widi,
3. yoga sami weruhana, rohyat tinukaraken rumihin, saking karsaning Yang Agung, malekat kinon ngalap, ing sakathahe kang lagya sami kumpul, ing gigire Nabi Adam, sadaya kinon angambil,
4. sakehe para rohyat, maksih cahya dereng rupa jalustri, karana maksih akumpul, nyawa lan padha nyawa, atatapi dipun pasthi dadinipun, kang dadi jalu punika, miwah ingkang dadi istri,
5. rohyat nulya dipun alap, saking gigir Nabi Adam tumuli, kinon malekat rumuhun, rohyat jalustri samya, atatapi dipun pasthi dadinipun, mapan wus jodon sadaya, nyawa jalu lawan istri,
5. anging padha sinipatan, sakathahe roh jaler lawan istri, ngandika gusti Yang Agung, kinon sami ambila, ing bangsane Jeng Nabi Adam sadarum, bangsa kang patang prakara, bangsa Nabi Adam iki,
7. bangsa bumi kang satunggal, kaping kalih nenggih kang bangsa geni, bangsa angin kaping telu, kaping pat bangsa toya, pan sakehe rohyat cinampur sampun, mapan nuli rupa jalma, kang jalu miwah kang istri,
8. Wonten ingkang tanpa warna, ora lanang ora wadon roh puniki, anuli cinampur sampun, ing roh jaler punika, dados jaler roh ing tunggal warnanipun, ya roh puwinoran, lamon wadon dadi istri,

9. tan salin rupa sadaya, nyawa wadon lawan jalu puniki, anenggih ing mangsanipun, ya amawi ninikah, iyaiku nikah batin namanipun, yen tumrape ingkang badan, punika ya sami lari,
10. ngulati jodone ika, nyawa sugih yen wus munggah pinanggih, mapan sami karepipun, panggih lan jatuhkrama, mapan padha sami-sami kajengipun, padha uning sah ing ningkah, ya anut ing kitab pekih,
11. ora sah lamona ningkah, yen tan nggo saksi wong lanang kakalih, islam adil kalhipun, pan pasthi dadi jinah, pan rinajam hukume, ya ngudi manusa mukmin,
12. yaiku pangucap setan, ing manusa gawe jinah mamaling, kang angajak kapir kupur, pan amrih rinowangan, mring naraka ing dina kiyamat mbesuk, saksine wong nonton setan, gegandengan dadi siji,
13. Yen bener jodone ika, padha suka jaler kalawan istri, arempag kakalihipun, tan purun lampah jinah, nuli kinon karone maring panghulu, sarta sakarone pisan, nut ing dunya laki rabi,
14. tumeka dhateng akerat, dadi wus jodoh ing dalem sawargi, yen bakti ing lakinipun, lanange wong ulama, nora padha gelem pegat karonipun, edi ing siksaning Allah, ing jodoh kang sayakti,
15. yen salah rabiné ika, dumadakan nuli ntuk rabi maning, angulati jodonipun, lanang wadon mangkana, sanadyan adoh nikahe wong puniku, sampun karsaning pangeran, pan pinanggihaken ugi.
16. Wonten malih kawarnaa, ingkang bangsa patang perkawis iki, bumi geni langit banyu, teges bumi punika, dudu bumi saking lebak saking gunung, sejatine jisimira, tegese kang asal geni,
17. dudu geni kena rusak, sejatine kang asal geni puniki, iya

x) boten jangkep

- cahyanira iku, ing asal angin kocapa, dudu angin saking awang-awang iku, sejatine napasira, kang dadi talining urip,
18. yaiku patang prakara, kang dihin den arani napas iki, tan napas ping kalhipun, kaping telune anapas, kaping pate iku ingaranan nupus, dene ingkang asal toya, dudu toya sumber kali,
 19. sejatine toya ika, iya iku mangku patang perkawis, wadi madi mani iku, manikum kang sakawan, wus cinampur duriyat Adam sadarum, sadaya nuli binakta, dening malekat tumuli,
 20. arane Jeng Nabi Adam, sakathah duriyat pan sampun warni, sadaya katingal sampun dhateng Jeng Nabi Adam, ing nali-kane ngadhepaken kakayu, ya sajaratul muntaha, tatkala aneng sawarga,
 21. wartane saban duriyat, lir semut wonten ngarsaning Yang Widi, anging wonten akalipun, isine warna-warna, sadaya warnane papaesanipun, sadaya mabeda-beda, datan wonten ingkang sami.
 22. Matur Kangjeng Nabi Adam, heh pangeran amba kang Mahasuci, punapa perkawisipun, inggih nak putu amba, mboten ipun sami kabeh warnanipun, papaesipun sadaya, punapa mboten den sami.
 23. Pangeran nuli ngandika, heh Adam isun arsa uningani, kang becik kang ala iku, kang sugih miskin ika, luhur asor bagja cilaka ing mbesuk, apa sida apa ora, apa sukur maring mami,
 24. heh duriyat nabi Adam, kasangsaya kabeh padha anangis, ya alastu birobikum, yata dudu sun Yangira, duriyat Adam sadaya pan sami matur, aturipun kola bala, inggih tuwan gusti mami,
 25. sasampun roh ingandika, kinen wangsul ing gigir Adam nabi, wonten malih kang winuwus, jasadipun manusa, kang sakawan wadi madi mani iku, manikum sakawan ika, manikum kang kawarni,

26. kang aran manikum ika, yaiku kang dadi manusa singgih, sanadyan kabeh tumurun, pan ora dadi anak, iya iku manikum ingkang tumurun, ing gigire anak Adam, tumurun dhateng pawestri,
27. tegese kang ingaranan, Johar ika ya manikum puniki, nyawa ingkang aneng pungkur, ing gigir anak Adam, jalu istri karone padha tumurun, campur dadya satunggal, iya wadi ing pawestri,
28. iku ingaranan nudpah, pan sampun meneng kawan dasa ari, iya alkoh aranipun, yeku roh kempel ika, sasampune angsal kawan dasa dalu, iku ingaranan mudpah, yeku daging kempelneki.
29. Wus kocap ing dalil Kuran, gusti Allah andadekaken jalmi, saking nudpah asalipun, nuli ya alkoh ika, kari-kari dadi mudpah aranipun, ngandika Yang Mahamulya, ing malekat Arjam iki,
30. aglis sira gawaa, ya manikum nerus ing pitung langit, manikum kinonen sampun, ya maca tetulisan, tulisipun ing dalem godhong kakayu, nama sajaratul muntaha, ya tulisan ingkang pasthi,
31. aglis nulya winaca, bagja miwah cilaka wus den tulis, panjang cendhek umuripun, mapan sampun winaca, rijkine balahine dipun wuwus, ing godhong sampun sinurat, sadaya wus aneng tulis,
32. kakayu sanalikanya, Nabi Adam ngadhep duriyat mijil, manikum iku yen sampun, amaos punang surat, binakta wangsul ya dhateng biyangipun, sarta cinampuran lemah, tapel kubure yen mati,
33. lampahe tapel punika, nadyan adoh nggenipun den purugi, den parekaken sampun, iya mangkana uga, yen wus parek nyawane nulya pinuduk, ing tapel kubure ika, lemah kang woraken dihin,
34. tatkala Johar binakta, lesu lupa wong tuwane jalestri, sabab kakarone iku, sami kelangan cahya, kang binakta ing ma-

lekat lampahipun, bangsane patang perkara, dohire tum-
raping jisim,

35. kang bangsa bumi punika, kulit kawasane teteping jisim,
bangsa geni tumrapipun, dadi daging punika, pan dohire
tumraping jisim puniku, iya sira dipun awas, ing raganipun
den lingling.

---oOo---

XIX. DHANGDHANGGULA

1. Bangsa angin ingkang dadi getih, kawasa sarira tangginas, lawan mosik meneng mangke, nadene bangsa banyu, tum-raping jasad balung jisim, tangginas sarta kuwat, mosik polahipun, Allah nulya angandika, dawuh dhateng malaikat Arham iki, den ageh ambil sira.
2. Bangsa manusa kang pat perkawis, ya loamah amarah sa-wiyah, mutmainah kaping pate, mapan cinampur sampun, pinanjingaken dadi siji, loamah kawasanya, iku bisa muwus, amarah kawasannya, amiyarsa sawiyah bisa nungali, mut-mainah kawasa,
- x)3. bisa ngambu mutmainah iki, sampun kumpul kang patang perkara, kawruhana sadayane, laku loamah iku, mangan ngimum alaki rabi, sahwat kareping manah, amarah haram laku, ngumpet linyok cantol tur ngaruh-aruhi, pan sawiyah lakunya,
4. mangan halal nyandhang karna suci, mutmainah lakune punika, weruh yen doip awake, lan weruh ing Yang Agung, angandika Yang Mahasuci, lah ageh sira ambil, ing nyawa kang pitu, nyawa nabati satunggal, ping kalih ingaranan nyawa hewani, nyawa jasmani ping tiga,
5. kaping pate ya nyawa rohani, nyawa nurani ping limanira, nyawa rahmani ping neme, napsani kaping pitu, Johar mani-kum sawarnaning, nyawa nabati ika, heran lakunipun, nyawa hewani punika, iya iku padha sakehe isim, nyawa jasmani punika,
6. kawasane kang nyawa jasmani, jembar budi ambek palamarta, nyawa nurani gawene, ningal kawasanyipun, pan rahmani pangawasneki, urip sajeroning nala, datan kena surud, pancaring urip sadaya, kaelokan ing gusti kang Maha singgih, ingangken wawayangan,
7. kang ingaranan wujud nur kodim, wujudullah kang mutlak

x) kirang Sagatra.

punika, wajibul wujud jatine, urip manusa iku, ingkang anama nyawa rohani, iku talining nyawa, ing jeroning kalbu, ora meneng ora molah, bangsa bumi bangsa geni bangsa toya iki, bangsa angin ping patnya,

8. nyawa nabati yaiku malih, lawan hewani jasmani ika, lan nyawa rahmani reko, nurani kang sapuluh, kaping sawelas nyawa rahmani, kaping rolase ika, ika kang winuwus, carita kang kocap, caritane ing Johar manikum iki, tigawelas pakuburan,
9. rohani ingkang badan nurani, pan nurani badane punika, nyawa nabati nyatane, aran nabati iku, mapan padha kanggonan sami, nabati tali nyawa, aneng jroning kalbu, ora meneng ora molah, iya iku ingkang padha angraosi, ing napsu pat perkara.
10. Napsu loamah nyatane iki, ing napsu amarah punika, amarah iku nyatane, napsu mutmainah iku, mutmainah nyatane iki, ya ing babalungira, babalung puniku, pan nyatane getihira kang nyatane nama daging puniki, daging nyatane ika,
11. aneng kulit iya iku kulit, nyatane ingkang dohir punika, pan daging manusa kabeh, mpun kocap dalilipun, ya ing dalem hadis puniki, jasad tan kena rusak, lima kathahipun, siji wong kang weruh ika, pan ing bangsane ingkang patang perkawis, badan ingkang tigawelas,
12. perkarane kang kapingdhoneki, ingkang perang sabilullah ika, ping telu tamat Kurane, tetep ibadahipun, ping pat lan lima adan ing masjid, kaya Ki Bilal ika, tan amrih den ugung, tan kena rusak jasadnya, ing dalem kubure dadi urip, salawas nora pejah,
13. dadi urip ing salawasneki, teka maring wekasane ika, mungguh ing Yang Manon mangke, yogya sami aweruh, sakathahhe wong sanak mami, perkara mukmin ika, manira wong iku, kang sami urip sadaya, iya iku ingkang padha den lakoni, mangsa wurunga pulang.

XX. DURMA

1. Sareng dohir anenggih nangis mangkana, angumum ya dil-kali, wus nama manusa, tapi jeneng manusa, umum Islam lawan kapir, tunggal manusa, anging malekat lan jin,
2. tatapi tuhu jeneng manusa, kang sami ngaweruhi, ing bangsa dhuk kinarya, pisah tunggal ing jasad, bangsane den kaweruhi, tigawelas perkara, purwane ingkang jisim,
3. Angandika Kangjeng Nabi Rasulullah, kang sinihan Yang Widi, sabda man aropa, napsahu pakod aropa, robahu tegese iki, sing sapa nyata, wruh ing awake iki,
4. maka temen-temen weruh ing pangeran, wong arip ing Allah ngling, iya wong kang wikan, ing bangsane tigawelas, dadi weruh ing Yang Widi, lamon tan wikan, hukume hewan badis,
5. lamon weruh ing bangsane tigawelas, dadi jasade mbenjing, ora kena rusak, sabab sampun sampurna, iman Islame wong iki, aja sak sira, yen esak dadi kapir,
6. lawan jasad ingkang ora kena rusak, jasade wong kang sabil, lan wong tamat Kuran, sarta tetep ibadah, lan wong kang adan ing mesjid, ing waktu lima, yen tan amrih den puji,
7. dipun eling yen ngubara aneng dunya, tan wande sira mulih, mbesuk yen wus teka, ing jangji Yang Mahamulya, yen wus telas tulisneki, wus tutug semaya, tan wande sira mati,
8. tetengere wong wus tutug ajalira, kathahe pat perkawis, dhihin katon padhang, peteng kang katingalan, kalawan ningali abrit, kalangkung jenar, lawan ningali kuning,
9. langkung sanget kuning cahya punika, nuli ningali putih, langkung sanget pethak, iya dipun prayitna, alamat tumekeng pati, nggening rancana, keh pangriduning iblis,
10. langkung sanget saitan angrancana, ing sakarating pati, ana rupa bapa, ana kang rupa biyang, ana rupa anak rabi, ana kang rupa, sanak ingkang kakasih,

11. sami ambakta wawadhah muber ika, pan sami isi wari,
ana nggawa papanganan, wadhah lan sarwa endah, ature
angasih-asihi, sanget sakarat, kalangkung kasatan wari,
12. Angelak sanget warnaning sakarat, lan ana iblis malih, min-
dhar lir ulama, tutur agama sasar, darapon anuta aglis, ana
kang mindha, na rupa widadari,
13. Satengahe ana setan ngaku Allah, tangane kang sawiji, ang-
gawa sawarga, tangane ingkang kiwa, anggawa narakawati,
ngaku pangeran, mayuh nuruta mami,
14. yen tan nurut sun siksa lawan naraka, yen sira anut mami,
sun panjingaken ya, ing sawarga mulya, ing kono akeh
kairid, ing wong sakarat, kaget dening iblis,
15. Mapan wajib wong Islam padha nenedha, jalu kalawan istri,
pungpung aneng dunya, den eling ing pangeran, umapane
urip iki, lir wong ngumbara, mangsa wurunga mulih,
16. Kaya kandikaning Kangjeng Rasulullah, lapad ngandika
nabi, kun pidunya angriban, tegese ana sira, ing dunya
ngumbara malih, pangandikanya, Jeng Nabi kang sinelir,
17. Ad dunya saatan pajaalaha, tegesneki utawi, neng dunya
mung sasaat, andadekaken Yang Widi, aneng dunya, eng-
goning pangabakti,
18. yen wus nyangking wong iku dalil kang mulya, miwah
ing hadis nabi, kabeh kukuhana, aja mangmang ing manah,
ing kalimah roro iki, ya insya Allah, yen mati sinung eling,
19. Lamon bodho wong iku wajib nuruta, ing guru kang wawarti,
barang tuduhe ika, iku den kukuhana, terusa lawan hadis
dalil, poma aja sak, kaweleh sinung pitulung Widi.
20. Teka eling wong iku lamon sakarat, lan sinung angawruhi,
ing rancana setan, kalawan sinungan wikan, wong kukuh
lan guru iki, malekat prapta, amundhut nyawaneki,
21. asung salam malaikat ingkang prapta, nulya ya den sauri,

x) kirang sagatra

waalaikum salam, anggawa tandha surat, ing asmanira Yang Widi, manira prapta, teka ngutus Yang Widi,

22. kinon mundhut samangke ing nyawanira, nulya nyawa rahmani, amaca bismillah, tekeng tamate pisan, lawan al-hamdulillahi, robil alamin, tekeng katame iki,
23. ya den cepeng jempol suku kalih pisan, nyawane dipun tarik, mring luhuring badan, apeteng tingalira, iku tingal bangsa bumi, nulya tumingal, ingkang abang nglangkungi,
24. yaiku bangsa geni ingkang katingal, nulya ningali kuning, klangkung kuningira, tingale wong ika, paningal kang bangsa angin, nulya tumingal, kang putih nglangkungi,
25. iya iku paningal kang bangsat toya, wus pecat nyawaneki, nulya den binakta, nyawane wong punika, winungkus ing simpul wilis, binakta seba, mring arsane Yang Widi,
26. pat perkara sampun pinundhut sadaya, bangsane kang kardi, cemeng napsu loamah, abang napsu amarah, ya sawiyah ingkang kuning, kang pethak ika, mutmainah pan mijil,
27. wus ilang pangambu kalawan paningal, pangucap sampun lari, lawan pamiyarsa, tanana kang tiningal, datan wonten kang kaesthi, sampun pralaya, wus karsaning Yang Widi,
28. wus ginawa nyawa rahmani ika, liwat kedhaton wengi, kelangkung petengnya, pangraos ingkang nyawa, lelampahan sewu warsi, nulya tumingal sagara kukus aglis,
29. pangraose lalampahan sewu warsa, nulya nyawa rahmani, manjing ing jro kutha, kutha kang luwih mulya, pangraosan sewu warsi, manjing kang nyawa, ing jladri kukus malih,
30. pangraose langkung sanget katiganya, langkung ngelak kapati, sawuse mangkana, nulya medal kang nyawa, ana ing uloning mayit, sadereng pejah mapan, dipun adusi,
31. tatkalane ki mayit lagya dinusan, nguwuh nyawa rahmani, aja sru-sru sira, ngosoki badan ingwang, kalangkung sakite mami, labete medal, tan kwawa nandhang sakit,
32. ora nana manusa ingkang miyarsa, panguwuh nyawa rahmani,

- anging sato hewan, ingkang sinungan Yang Widi, uning kasakitneki, ing panguwuhira, tanana doraka Yang Widi,
33. sasampune ki mayit wau dinusan, nuli ingules putih, linebetaken ing kathil ika, den salatena, sampune puniki, nuli binakta medal, saking wismane ki mayit,
 34. nuli nguwuh nyawa rahmani punika, mring anak rabineki, lah den bener sira, maris arta manira, aja kyanat sira iki, lah den becika, nuli binakta mayit,
 35. dhateng kubur linebetaken ing luwang, karsane yun miyarsi, pituturing lapad, talkin sinung uninga, bodho pinter sami ngarti, lah wruha sira, ing pututuring talkin,
 36. sami uning nalika dhuk miyarsa, sambete arep wedi, sawuse mangkana, bubar ingkang ngaluwat, kang nyawa nulia manjing, ing kuburira, ki mayit nulya anglilir,
 37. nyawa patang prakara manjing sadaya, aneng dadane mayit, darapon konganga, njawab ing pitakonon, nulya malaikat prapti, bagus rupanya, aris wuwus yen angling,
 38. ingkang nama ya malaikat Aruman, takon dhateng ki mayit, ya nak putu Adam, sira dhuk aneng dunya, mapan susukan tan eling, samangke sira, ing kubur ya priyatin,
 39. tulisena sakathahe amalira, kan ala lan kang becik, matur ya mayit ika, amba tan darbe dluwang lan mboten adarbe mangsi, kalawan kalam, malekat Rumah angling,
 40. bodho temen heh anak Adam ta sira, ulesira puniki, sira lir kartasnya, jirji karyanen kalam, iduh ya karyanen mangsi, lah tulisana, kabeh aja na kari,
 41. nulya eling ing sakehe amalira, ki mayit nulya nulis, tumungkul ya wirang dandheg dhuk ya nuhurat, malekat Aruman angling, lah ta ngapa, sira kandheg den tulis,
 42. matur malih ki mayit kalangkung wirang, kawula aken nulis, amal ingkang ala, dhorogdhogan kawula, sira tulisana ugi, ja papeka ta, sampunira nunulis,
 43. sinelehaken tulisan ing gulunya, malekat Rumah angling,

lah den becik sira, mangko ana kang prapta, warnane ang-gigilani, takon ing sira, anging ja wedi-wedi.

44. Sampun ilang wau malekat Aruman, mayit kari prihatin, ing kubur sorangan, tan dangu nulya prapta, Kirun Wana-kirun iki, anggawa gadha, takondhateng ki mayit.
45. Rupa cemeng kalangkung adamel gila, rema gimbal tur abrit, siung salit nyrengangah, netra lir surya kembar, pata-kon amemedeni, heh ta nak Adam, lah jawaben den aglis.
46. Sumaura lah sapa pangeranira, lan nabi ira endi, apa gama-nira, endi panutanira, lawan kiblatira endi, ageh sumaura, lah sanakira endi.
47. Wong kang antuk kanugrahaning pangeran, kawasa anauri, Allah pangeran ingwang, Islam agama ningwang, lan Kuran panutan mami, Nabi Muhammad, yaiku Nabi mami.
48. Kakbahtullah yaiku kiblat kawula, sakathahe mukmin, jalustri punika, sami Islam sadaya, ya punika sanak mami, lah bener sira, nut ing agama mami,
49. Wong kang antuk binendunira Yang Sukma, ya jawabe laladri, tan weruh kawula, sampeyan gusti kawula, nulya den gadha ki mayit, lebur puhara, ajur tanana kari,
50. den kumpulaken dening semut garamang, nuli tinakan malih, jawabe mangkana, kongsi malih ping tiga, nulya pinipit bumi, tekeng kiyamat, anangis njerit-jerit,
51. Wong kang antuk wau sihira yang pejah, naraka katon rihin, lan isine pisan, naraka wela-wela, kalangkung dening ajrihi, wong kang siniksa, anjerit amelasi,
52. nulya aningali sawarga kang mulya, langkung pengen ningali, sawarga kang mulya, pan saisine pisan, kumendhung kang jinem wangi, datan antara, sawarga wus sumandhing,
53. pangraose nyawa aneng pakurungan, sampun kadya sawargi, tumekeng kyamat pisan, lamon wong doraka, sawarga katon rihin, kalangkung endah, nyawa langkung kapengin.
54. Datan dangu kang nyawa nuli tumingal, ing naraka ngajrihi,

lan isine pisan, sami katon sadaya, kang nyawa langkung
pirhatin, ningal naraka, kalangkung angajrihi.

55. Sampun karsa ki mayit ing manahira, sabab mpun den
lampahi, dhuk aneng dunya, nglakoni sukan-sukan, saiki
sampun kapanggih, datan antara, naraka wus sumandhing.
56. Saisine naraka katon gumelar, nyawa siniksa aglis, tumekeng
kyamat, sambate ngaruhara, wonten malih kang winarni,
ing dina kyamat, kocap ing hadis dalil,
57. tatkalane tangi saking kuburira, pepeke sadaya jisim, malih
wuluh salembar, tanana kaliruwa, cinarita kantuk lami,
mboten agesang, cukule warni-warni,
58. yaiku anut lakune dhuk neng dunya, yen ala lagi urip, cukul-
ipun ala, yen becik lampahira, cukule luwih adi, bagus
rupanya, mencrong cahyane wening,
59. ana kang kadya wulan kalawan lintang, ana kang kadya
senthir, lan kang kadya damar, ting parelik ting karethip,
ing kubur mubyar, pan sami warni-warni.

---oOo---

XXI. DHANGDHANGGULA

1. Kawarnaha sakarating pati, sakathahe wong mukmin sadaya, gedhe cilik lanang wadon, sahdat sakarat iku, mung lelima kathahe iki, lamon sira tumingal, ing lelima iku, lamon wonten wong kang lara, aningali ing cahya lelima iki, alamat parek ing ajal.
2. Lamon durung wong iku aningali, maring cahya kang limang perkara, pan maksih dawa umure, warna cahya puniku, abang ireng kalawan kuning, ijo kalawan pethak, cahya kang kadulu, lamon manusa tumingal, cahya ingkang ireng sanget irengneki, aglis sira macaha,
3. Lailaha ilalloh iki, ora nana pangeran kang liyan, anging Allah sajatine, Muhammad duta iku, satuhune Jeng Muhammad iki, utusaning pangeran, ingkang Mahaluhur, lamon manusa tumingal, maring cahya ingkang ireng anglangkungi, yeku cahyaning setan.
4. Lamon ana wong kang aningali, maring cahya ingkang luwih abang, setan Yahudi arane, nuli macaha iku, lailaha ilalhoh iki, ya hu hu pujinira, tegese puniku, ora na pangeran liyan, anging Allah kang kinarya bumi langit, lamon ningali sira,
5. cahya ingkang luwih kuningneki, yaiku setan nasoro ingaranan, lan nuli macaha ageh, Lailaha ilalhoh, ya hu hu pujinira iki, tan ana gusti liyan, anging Yang Maha Agung, kang karya alam sadaya, lamon sira ningali cahya kang wilis, yaiku cahyanira,
6. cahya Jabarail ingkang prapti, aserahena iya denira, karo macaha sira ageh takobalallahu hu, amacaha sira den aglis, muga Allah narima, iman amba iku, pangeran kang Mahamulya, yaiku karsa sakehe kang dumadi, ora kalawan rowang.
7. Lamon sira eling pujineki, ing nalikane cahya ireng teka, olih patihe wong pasek, lamon ya wong puniku, ing sahadat kang kocap dihin, pan dadi jahiliyah, patine wong iku, yen ningal ing cahya abang, nuli eling macaha kalimah

suci, olih pati mukmin am.

8. Yen tan eling ing kalimah suci, olih pati wong Yahudi ika, yen cahya kuning katone, nuli eling wong iku, kalimah tauhid puniki, olih patin wong has, lamon ora emut, patine kapir nasara, yen ningali cahya ingkang ijo iki, nuli eling ing puja,
9. olih pati hawasul has iki, yen tan eling olih patinira, kapir karamiyah reko, sakehe sanak isun, dipun rosa sira ngabakti, sunah pardu lakonana, aja milih laku, lamon wong iku tumingal, maring cahya wau ingkang sanget putih, yaiku cahya Muhammadiyah,
10. nuli macaha puji den aris, hu hu puniku ya dipun kathah, aja kumlamar atine, tegese puji hu hu, den waspada sira ing gusti, ya Allah ya Muhammad, ya kadya puniku, upama tasmak kang kinarya, angilo ing Kuran adi, tasmake tan katingal.
11. Lamon ana wong kang arep mati, aningali cahya ingkang pethak, luwih sampurna patine, pasthi eling wong iku, ing sahadat limang perkawis, olih patine wong ika, waliyullah luhung, lan malih tingal punika, yeku tingale nabi ingkang sakethi, padlikur ewu ika,
12. Wonten malih sakarating pati, kawruhana wong sanak manira, warnaning pejah kathahe, nem cahya kang kadulu, kang rihin cahya iki, medal saking sarira, warnane lir ebun, kadya mega ingkang pethak, ing jerone mega ana malekat singgih, panganggo luwih jenar,
13. lan jasad malaikat iku putih, mangka ngucap aris sabdanira, lir para nabi wuwuse, sabdane manis arum, aja sira andel puniki, pingdho cahya kang medal, saking risonipun, warnane ijo kalintang, ing jerone cahya ijo ola nenggih, lir manuk ingkang pethak,
14. manukipun kadya jaran adi, nuli ngucap isun iku burak, ja ngandel ing pangucape, utawi kaping telu, wonten malih wong lanang prapti, luwih bagus rupanya, swarana lir juruh, kadya kilat pamedalnya, saking cangkeme punika medal api,

sing kuping karo pisan,

15. medal geni talinga kakalih, poma aja sira kagawokan, kaping pat cahya kang miyos, kang peteng kadya kukus, ing labete pepeteng iki, kadya kaca banggala, manleng kadya rambut, ing jrone kadya sawiji, cahya iku lebete lir rupa jalmi, sucekena atinira.
16. aja sak wajib wekasa wong iki, alamat parek ing patinira, aja sak ing jro manahe, ping lima cahya iku, yen teka maring sirah iki, cahya lir kayu musoro, kathah kang kadulu, luwih parek sedanira, ya aja esak ing jerone puniki, alamat enggal pejah,
17. kaping nem wonten kang dhateng malih, cahya mantheng lir rambut salemba, angadheg wonten arahe, aglis malekat rawuh, mapan linggih ing arahneki, cahya kang cilik ika, kang manjing ing suku, anuli manjing ing orat, nuli amanjing ing dubure puniki, trus ing embun-embunan,
18. Warohakum kasowatin najmi, nyawa ika lir rupaning lintang, karana karsa Yang Manon, tetengere wong iku, kang olih pituduhing Widi, sinelehna dening Yang, nyawanira iku, aneng dalem puadira, karana karsaning Yang kang Mahasuci, makadab puad mara,
19. nuli titahing Yang Mahasuci, nyawanira nulya ya tumingal, maring utekira mangko, ingaran baetal makmur, teka mring nyawanira iki, mring sawiji panggonan, wau ingkang luhur, mangka nuli ingkang nyawa, ya pinanjingaken ing wisma puniki, kasmaran ingkang tembang.

---oOo---


XXII. KASMARAN

- x)1. Angandika Kangjeng Nabi, kang sinung sih kanugrahan, wanodya kalawan jaler, tatkalane aneng dunya, nora wande yen tinemu, arep sapuha sadaya,
 2. Reruba sadasa warni, ingkang dadi kaslametan, ing dunya tumekeng tembe, kang dihin reruba ika, dhateng Ijroil sakawan, sira tobata den seru, mring dosanira sadaya,
 3. Anadene kang kakalih, anedhaha sukanira, maring rowa-ngira kabeh, reruba kang kaping tiga, arep anauri kodoh, ing salate kang kalurung, den saurana sadaya,
 4. Kaping sakawane brangti, dhateng pangeran kang Mulya, ngajeng-ngajeng suwargane, wedi ing siksaning Allah, wirang agawe dosa, dene reruba ing kubur, kathahe patang prakara,
 5. reruba ingkang rumihin, aja sok anacad sira, maring sapapa-dhaning wong, ingkang dadi runtik manah, pingdho tumbak cucukan, amrih tukaran wong iku, angadu raja wisuna,
 6. Reruba ping tiganeki, den suci ya badanira, bresih aja candhak rowek, yen nguyuh lawan bobotan, den adoh saking marga, atawa ing sore kekayu, kang pinangan ewohira,
 7. kawruhana denireki, aja aningali surya, wulan lintang sapadhane, aja ngadhepaken kiblat, tatkalane bobotan, dadi olih haram makruh, reruba kang sakawan;
 8. den tetep ibadahneki, sunah pardu lakonana, reruba kaping tigane, reruba ing malaikat, Karun Wanakir ika, pat perkara kathahipun, kang dihin maca sahadat,
 9. Kawarnaha kaping kalih, den bener lamon wawarta, aja sira goroh bae, lan ping telune ika, den bener yen angucap, anapon sakawanipun, sih ing pra mukmin sadaya,
 10. Anapon reruba malih, kathahe patang perkara, dhateng taraju darape, tarekat lawan hakekat, ya kalawan makripat, lakonana tanduk suhud, poma sira angajiya,
- x) x) kirang sagatra

11. Anadene kapingg kalih, den iklas ing manahira, mring kabeh amal ilmune, tegese iklas punika, doh saking ngujub ika, ing sumpah hasud takabur, iku sira singgahana,
12. Ping tiga sira den becik, ing sakehe tingkah polah, sarta den tebah manahe, den aris manahnya arum, kaping sakawan sukuran,
13. tegese sukur puniki, wong kang rosa salat taat, lamon salat ing pardune, amilih waktu kang awal, rosa taat ing sunah, siyam Isnén Kemis mbanjur, rosa dikir kolbi lisan,
14. Kawruhana denireki, Kangjeng Rasulullah, kalangkung wanter taate, malih buh dlamakanira, saking wantere salat, dening sanget sukuripun, dhateng pangeran kang Mulya,
15. Matur manusa satunggal, dhateng gusti Rasulullah, heh gusti amba lamine, punapa gusti kang Mulya tan ngapura ing tuwan, ing mangke kalawan mbesuk, dene abuh suku tuwan,
16. Jeng Nabi ngandika aris, iya uwis angapura, gusti kang Mulya lamine, ing dunyanipun sadaya, anging jeneng manira, mila rosa salat isun, sukur dhateng sih pangeran,
17. Hadis Tabsiroh wawarti, sapa rosa salat sunah, nalika saban dalune, dadi pinaringan cahya, rub mancur kang wadana, saking sihira Yang Agung, sinung cahya dunya kerat,
18. Reruba ping limaneki, dhumateng ing dina hisab, angiriyang ing Yang Manon, kalawan ing tutulisan, kathahe pat perkara, andone kang rumuhun, ngandikakaken rasan,
19. aja sira angacuwis, rerasan kang siya-siya, Johar ingkang nyarios, lisanipun Abu Bakar, kang kinasihdening Yang, mapan sinelehan watu, nyegah napsuning rerasan,
20. Angandika Kangjeng Nabi, sapa ngakehaken rasan, dadi akeh ing lupute, sapa akeh ing luputnya, dadi keh dosanira, dadi keh kiyanatipun, temahan manjing naraka,
21. Moga-moga sanak mami, aja watek suka bungah, anadene ping kalihe, aja ngengena ing dunya, pikir kang tan layak, dadi akeh dosanipun balikan sira mujiya,

22. Ping tiga den rosa dikir, lailaha ilalloh ika, awan bengi aja pegat, kaping pat sira den kathah, sidkoh wajib lan sunah, maring para miskin iku, den lampahana sadaya,
23. Reruba ping pituneki, dhateng naraka Jahanam, patang perkara kathahe, kang dihin amaca Kuran, lan ngakehaken donga, ping kalih sira den seru, tobat ya dhateng pangeran,
24. ing siyang kalawan latri, den sanget sarta nalangsa, den sanget jrih ing siksane, ing siksaning gusti Kang Mulya, anapon kang ping tiga, anyegah dosa kang agung, kaping pat ngadohi haram,
25. Ping wolu reruba malih, reruba dhateng sawarga, patang prakara kathahe; dihin arep wakap Kuran, atawa liyane Kuran, amal soleh namanipun, yen wong mukmin ingkang wakap,
26. kaping kalihe den asih, dhateng kakasihing Allah, maring Nabi Rasul mangko, kalawan dhateng malaikat, miwah jin lan manusa, kang Islam sadayanipun, muga den sihi sadaya,
27. lan kaping tiga puniki, anut parentahing sara, dene kaping sakawane, papatutan padha Islam, nedyaha sesama, aja asor aja unggul, aja dengki aja riya,
28. Aja sumpah ujub kibir, aja ngumpet lan kianat, lan aja ngunek atine, lan aja tumbak cucukan, ngadu raja wisuna, amrih rusak liyanipun, den patuta ya ing sanak,
29. Ping sanga reruba malih, dhateng nabi Rasulullah, patang perkara kathahe, kang dihin angestokena, ing barang parentahnya, wedi sih ing Nabi Rasul, anut ing agama Islam,
30. lan kaping kalih puniki, anut ing sunah Muhammad, anut ing kalakuane, dene ingkang kaping tiga, rosa maca salawat, dhateng Kangjeng Nabi Rasul, nedhakena wuwuh rahmat,
31. kaping sakawane malih, den rosa maca salawat, dhateng kaluwargene, lawan sahabat sadaya, tedhakaken wuwuh rahmat, ing dunya lawan ing kubur, lan kamulyaning sawarga,

32. Angandika Kangjeng Nabi, ing dalem hadis Tabsiroh, poma-poma sira kabeh, lamon ya maca salawat, ing atase jeneng ngwang, bitabraa lapadipun, tegese iku mangkana,
33. lapad bitabraa iki, mapan maca salawat, malulu ing nabi bae, karsaning Jeng Rasulullah, lamon maca salawat, ing atase jeneng isun, nuli sira lajengena,
34. lapad Alahuma sali, ala Sayidina Muhammad, nuli lajengena ageh, wa ala ali Muhammad, kang nuli-nuli ika, yen mandheg nora laju, ingkang aran bitabraa,
35. Lan kaping sapuluh malih, reruba dhateng pangeran, patang perkara kathahe, kang dihin arep angajak, maring sanak sadaya, padha salat limang waktu, angajak ing berjamaah,
36. lan kaping kalih puniki, anyegah sakehe dosa, singgahana sadayane, ja nyerang kapis kupar, den becik agamanya, aja pegat ing pitutur, dhumateng ilmu agama,
37. ping tiga amituturi, maring wong bodho punika, tuturana sawakcane, ya aja amrih pinuja, adialem sumawona, panglemahan amrih arta lan susuguh, kaping pat sabar sukuran.
38. Angandika Kangjeng Nabi, aja angolahaken mangan, dadi wuwuh atos atine, wong atos atine ika, keh pepetenging manah, lamon kedhik panganipun, dadi padhang atinira,
39. Wonten kang ngandika malih, aja anulis ing kitab, ing saban-saban wengine, nulis ing wengi punika, luwih lena manahnyane, lan aja angaji dalu, dadi ilang ilmunira,
40. balikan sira puniki, den rosa anderes sira, ing saban-saban wengine, ing ilmu kang uwis ana, ing dalem atinira, amrih aja lali iku, dadi tetep ilmunira,
41. Kitab Arkiyah wawarti, aja nulis bada Asar, dadi tuna ing amale, balikan sira den kathah, dedongaha ing Allah, si-nembadan mring Yang Agung, barang hajate tinekan.



XXIII. PANGKUR

1. Wonten carita kocapa, saking kutbah Jumah asalneki, kabar kiyamat winuwus, dhuk manusa sadaya, sami ngadheg ing kuburipun wong iku, kathah ing warnane ika, beda-beda warnaneki,
2. sawaneh saking manusa, lamona tangi saking kuburneki, suku karo sami bunthung, lan tangan karo pisan, dosane dhuk kala aneng dunyanipun, anglarakaken wong ika, ing ati tetangganeki,
3. sawaneh saking manusa, lamona tangi saking kuburneki, langkung bacin ambetipun, blakrakan ambunira, dosa kala neng dunyanipun, anganggo wangining gandha, pamrih susukan kang ati,
4. Sunate manusa Islam, nganggo gadha pranti salat ing masjid, lan kalane sara iku, kalawan rabinira, kalawan sunah Jumaah wong puniku, darapon ingkang sarira, aja apek sira bacin,
5. Wiraose kitab Lulbab, ora sunah adus Jumuah iki, balik wajib adusipun, lamon sariranira, langkung apek amis bacin ambetipun, darapon ilang ambunya, sabab lawan den adusi,
6. Sawaneh saking manusa, lamona tangi saking kuburneki, kaya kolde rupanipun, tangine nuli tiba, samggoyongan tana geni lir wong wuruh, dosane dhuk aneng dunya, mangan riba wong puniki,
7. Tapsir akir kang nyarita, siksane wong mangan riba puniki, kebek sesek wetengipun, isi geni naraka, dadi umob ing jro weteng geni murub, tegese riba punika, kang nganakaken wong puniki,
8. Sawaneh ana manusa, lamona tangi saking kuburneki, wuta mata kalhipun, dosane dhuk neng dunya, ya ora gelem giginau ngaji iku, ora gelem ngaji Kuran, ora nahwu ora pekih,
9. Kangjeng Rasul angandika, angajiya yen sira bisa ngaji, dadi sugih sira iku, yen wus sugih punika, dadi ya wuwuh

rupane luwih bagus, hadis Tabsiroh ngandika, pan lawan Ulumudina,

10. sawaneh ana manusa, lamona tangi saking kuburneki, kaka-lung canthang ing gulu, isi gethih lan nanah, sarwi nangis jerat-jerit asru, lagya dhuking agesang, mangan haram wong puniki,
11. Lan malih ana manusa, sareng tangi pan saking kuburneki, meled-meled ilatipun, mecicil matanira, dosanipun dhuk ana ing dunyanipun, anginum sajeng wong ika, nangis nyang-gah gendulneki,
12. den buwang-buwang tan kena, cangkeme den sogok timah lan geni, winoran upas racun, lawan lalandhep ika, yen wis kena ing jero weteng iku, sumembur lir kadi toya, lir wari dipun talangi,
13. Wonten manusa siniksa, yen lelaku endhase den enggo sikil, dosane ing dunyanipun, nembah ing liyah Allah, saking gusti kang Maha Agung puniku, nembah ing padha kawula, mulane lumaku jungkir,
14. Sawaneh ana manusa, lamon tangi ya saking kuburneki, kadya macan rupanipun, dosane dhuk neng dunya, bisa ngaji ora den lakoni iku, sakehe pakoning sara, ilmune tan den lampahi,
15. Saweneh ana ruhiyat, wong siniksa lambene dipun gunting, dosane ing dunyanipun, amumuruk agama, dhewekipun ora ngalampahi ilmu, bisa mumuruk kewala, mila lambene den gunting,
16. Saweneh ana manusa, lamon tangi ya saking kuburneki, kadya celeng rupanipun, dosane dhuk neng dunya, uwong kang menging maring wong salat iku, lawan menging aweh jakat, siyam pitrah munggah haji,
17. Saweneh ana manusa, lamon tangi ya saking kuburneki, binalik cangkeme iku, aneng gigithokira, dosane dhuk sa-kala ing dunyanipun, lakune goroh wong ika, tumbak cucukan lamis,

18. angadu raja wisuna, lan caremedan cangkeme ngacuwis, wonten malih kang winuwus, siniksa ari kiyamat, meled ilate ana ing gigiripun, dosane dhuk aneng dunya, dengki ing padha jalmi,
19. Saweneh ana manusa, nalikane saking kubur atangi, kadya kethek rupanipun, dosane dhuk neng dunya, angarani ing wong wadon muhsin iku, padha den arani jinah, hale tana saksineki,
20. ingkang aran muhsin ika, jalma islam karone jaler istri, sacombana kalhipun, mula den arani jinah, iya iku sababe uwong puniku, pan anuli sacombana, yaiku kang aran muhsin.
21. Surat Nisah kang nyarita, kalih warna kang ran muhsin, sabab wadi kang rumuhun, pan sampun nikah halal, kaping kalih ingkang aram muhsin iku, manusa kang sami Islam, pan jaler kawalan istri.
22. Surat Nisah kang ngandika, yen wong kapis duwe kitab lan nabi, lawan pangeran kang Agung, anging Allah kang Tunggal, ingaranan kapis kitab wong puniku, dadi sah kapis kitabe, nikah kalawan wong mukmin.
- x) 23. Aja angarani jinah, bareng weruha kabeh ing panjinging, jakar mring parijinipun, aja ngarani jinah, mapan dadi kethek ing benjing wong iku, hukum wong jinah ing dunya, yen weruh wong lanang papat, sinatriya ingkang adil,
- xx) 24. ing benjinge dakarira, ya ing dalem parijine puniki, linakonan ing mbenjang, mapan pinendhem karo sariranipun, siraha kang binalangan, lan sela den kongsi mati,
25. Angandika Seh Ahmad, wong kang den arani adil puniki, ya den kadya Kangjeng Rasul, pan wong kang sanget tobat, saking dosa ageng alit kabeh iku, anuli padha bali sira, tetep taat angabakti,

x) langkung sagatra

xx) kirang sagatra

26. Sing sapa nguwati dosa, dosa gedhe lawan dosa cilik, ora sah uwong puniku, dadi saksi perdata, kalawan ora tinarima amalipun, saka nggene durung tobat, nadyan akeha wong iki,
27. Saweneh wonten riwayat, siksaniipun wong jinah lan pawestri, dakare mili nanah wok, awor lan getih abang, sami bosok langkung bacin ambetipun, sinujen lan wesi abang, pinanggang winolak-walik,
28. Benduning Allah ing dunya, ingkang dohire mring wong jinah, iki, dadi ilang cahyanipun, kang ana ing wadana, mapan dadi mesum rarahine acum, lan malih dadi medarat, kalawan rijki sakedhik,

---oOo---

XXIV. DHANGDHANGGULA

1. Mapan kathah warnane puniki, kang aran wong kang jinah punika, dadi ilang ya cahyane, hadis Tabsiroh muwus, katha-hipun patang perkawis, kang dihin jinah mata, lan pawestri iku, jinah liyan rabinira, jinah tangan anyekel ing wong pawestri, jinah kuping miarsa,
2. jinah cangkem pa arane iki, ngomong lawan wong pawestri liyan, jinah irung kang arane, mapan ika angambung, jinah suku margane iki, mring wong wadon liyan, jinah ati iku, angangen-angen kewala, maring wong liyane saking padha mukrim, iku den singgahana,
3. Tatambane jinah mata iki, yen ningali maring kang musahak, yaktine ilang dosane, jinah cangkem puniku, panglebure kalawan dikir, atas maca Kuran, tawa toya wudu, kang jinah irung punika, panglebure asujud maring Yang Widi, jinah kuping punika,
4. Pan ilange dening amiarsa, pan ingkang kabecikan punika, jinah tangan tatambane, kalawan toya wudu, jinah suku munggah ing masjid, salat barmjamaah, jinah ati iku, ilange maca istigpar, den rosa maca salawat lawan dikir, Isnen Kemis puasa,
5. Carita satengah para alim, sapa wonge rosa dikir ika, sarta nebut utusane, Kangjeng Rasul puniku, dadi lebur dosa kang alit, anging nora lebur dosa, kang ageng puniku, sabab dening baktinira, dhumateng Kangjeng Nabi ingkang kina-sih, lawan pangeranira,
6. Panglebur dosa ageng puniki, kudu tobat den sanget karunya, nalangsa ing jro atine, aja niyata wangsul, nalikane dhuk lingsir wengi, tapsir awal nyarita, Kangjeng Nabi ya kun, nalika nedha mring Allah, salamete wong pawestrinya puniki, waktu sahur wayahnya,
- x)7. Kangjeng Nabi Jakaria dihin, anenedha dhumateng Yang
- x) langkung sagatra

Sukma, anedha putra wiyose, jafillel mangsanipun, salat hajat ing lingsir wengi, nuli sinungan putra iki, dening pangeranira, Yang Kang Maha Agung, ingkang nama Nabi Yakya, dadi nabi anggenteni ramaneki, sinihan ing Yang Sukma,

8. Caritane tapsir awal iki, pernahipun ing surat Al Imran, angridoni kawulane, nedha ing waktu sahur, gusti Allah kalangkung asih, ing barang kang den tedha, tinekan wong iku, ingapura dosanira, sapa wonge salat tahjud saban wengi, mbenjang aneng sawarga,
9. dadi kathah garwa widadari, sarta sinungan cahya lir wulan, kalangkung bagus rupane, hadis Tabsiroh muwus, Rasululah nitih turanggi, ngagem cemethi mulya, sinabet kayu agung, anuli rumtuh sadaya, sami tiba godhonge lir udan prapti, Jeng Rasul murad maca,
10. Subhanallah wal hamdulillahi, walailaha ilallohu ika, walallahu akbar lapade, teka ing akiripun, pan maca ing kalimah iki, runtuhe dosanira, barang tibanipun, kalawan godhong punika, albakiyatus solihatu iki, tapsir akhir nyarita,
11. Angandika Yang Kang Mahasuci, sapa maca salawat sapisan, maring nabi utusane, nuli amelas isun, maca salawat sapuluh kalih, mun maca ping sadasa, sun wales ping satus, maring kang maca salawat, sapa maca atas Jeng Nabi, malih sewu ambalan,
12. sun wales mbesuk sun ling-alingi, ing jasade panasing naraka, lan atising narakane, weneh ana wong iku, saking kubur padha atangi, anuli salin rupa, kadya cacing kalung, dosane dhuk aneng dunya, sok aneluh lantaning kalawan sihir, ngupasi padha Islam,
13. Surat Bakoroh manira manggih, teluh sihir lantaning punika, pan dadi patine, Kuran ingkang anutur, saban wau wong kapisan sami, aliwat ing naraka, luwih dasaripun, luwih panas luwih lara, caritane nora mati nora urip, langgeng aneng naraka,

----oOo----

XXV. DURMA

1. Langkung lami yen supami den wicala, dening karsa Yang Widi, urip wong sadaya, kon malekat satunggal, kang nama malekat Isropil, niyup sasangka, ginesangaken rihin.
2. Sampun kinon malekat niyup sasangka, kang isi nyawa iki, saking nabi Adam, panisami kumpul sadaya, sampun karsaning Yang Widi, kang nyawa ika, pan sami andarbe-ni.
3. Pangkat-pangkat sapangkate sewang-sewangan, nyawane para nabi, miwah pra owliya, lawan para pukaha, para muk-min andarbeni, pangkat-pangkatan, pan sami andarbeni.
4. Jin lan saitan sami andarbenana, pangkat padha lan iblis, marga nabi sadaya, sawilang dening nyawa, mapan sami andarbeni, uwong sadaya, nggih sami andarbeni.
5. Jembaripun sami lawan alam dunya, nulya aniyup malih, nyawa kabeh medal, ngulari kang sarira, sadaya sami aman-jing, ing jasadira, pan nulya gesang malih.
6. Sami kaget ningali ing alam dunya, dene beda lan dihin, wangunan sadaya, gunung pan dadi lebak, sadaya sami aradin, sadaya padha, gentunira kapati.
7. Cinarita sami wewudha sadaya, ikut dakar kang kairis, nalika ing dunya, sami wangsul sadaya, dakar kang den sunati, dhuk aneng dunya, pan sami kulup malih.
8. Kocapa ing dalem hadis ingkang mulya, mung tigang per-kawis, ingkang ora wudha, dihin wong sabilullah, kapindho wong sidkoh nyamping, dhuk aneng dunya, mring wong mukmin kang miskin.
9. Kaping tiga kang antuk rakmating Allah, panganggo wus nutupi, luwih indah mulya, maring ngorat sadaya, dhuk cukule ingkang jisim, mila punika, antuk sihing Yang Widi.
10. Cinarita sami kendhel sadaya, kalangkung dening ajrih,

ningal wewangunan, sawaneh angucap, pangucapemu
ajrih, sabab punapa, dening jagat mpun salin.

11. Dene manira ora ngeraos pejah, ana ing kuburneki, lir wong
tangi nendra, sami lan neng sasangka, mboten rumaos yen
lami, metu king Adam, tumeka ing saiki.

XXVI. SINOM

1. Wonten malih cinarita, saking dalil asalneki, den sami anges-tokaken sadaya, ing jabar kiyamat puniki, caritane tapsir akir, ing surat Sajadah iku, lawan surat So, enggene manira manggih, ora wande tinemu ari kiyamat,
2. Surat Sajadah carita, ngadheg sakehe wong mati, aneng kubure punika, sakathahe wong kang urip, yen pangrasane kapir, lamine ngadheg puniku, kadya ing sewu warsa, sarta bingung lan prihatin, sabab kapir bingung prihatin sadaya,
3. Mungguhing peryayi Islam, lawan para niti mukmin, lawa-se ngadheg punika, ing dina kiyamat mbenjing, ngadheg ing kuburneki, langkung dangan rasanipun, tinimbang salat ing dunya, limang waktu ingkang wajib, lawan suka tobat sawaktu kewala,
4. Cinarita ing surat Sa, beda-beda rasaneki, lamine ngadheg sadaya, sakathahe makluk iki, limangatus warsi, pangra-sane kapir iku, mungguhing mukmin sadaya, angadheg ing kuburneki, langkung dangan timbang lan waktu satung-gal,
5. saban wong kapir sadaya, beda pangrasa lan mukmin, ana nyana sewu warsa, lamine angadheg iki, lan ana nyana ma-lih, iku limang laksa taun, kala makluk sadaya, tangi saking kuburneki, beda-beda pangrasa kapir lan Islam.

XXVII. DURMA

1. Salamine miyarsa kang angandika, sakehe siksaneke, lan weruha sira, ing dina kiyamat mbenjang, sakabeh sami atangi, kaget aningal, kabeh nyandhang siksaki.
2. Wuwuh ajrih pan sami uning kabar, kiyamat nggen prihatin, saban kabeh kupar, tangi barang ngandika, ya sampun sam-ya tangi, ngucap sadaya, yaiku maring mami.
3. Saban-saban dina dhuk urip neng dunya, tan angandhel ing ajir, waneh kabeh kupar, lamona sampun lawas, wonten pangandika malih, ngebeki jagat, mayuh mangkat aglis,
4. lan den kumpulaken aneng ara Masar, kaget sami atangi, gegere kalintang, ana tiba kajengkang, lan ana tiba kaban-ting, ana kang mrangkang, lumayu tiba tangi.
5. Ana kang den nidek-idek dening wong kathah, nangis anjerit-jerit, ana kalesedan, sirahe aneng lemah, padha lumayu kajungkir, kalumah-lumah, sikile karo mati.
6. Waneh lumaku nganggo dengkul kewala, saking sangeting ajrih, sarwi nganggo siksa, datan kena tiningal, den buwang malih ing gigir, ana ing pundak, den pikul gondhal-gandhil.
7. Sabab iku apa kademen ing dunya, yen demen Yang Widi, saking tresnanira, dadi lali pangeran, nggemblok den gen-dhong den indit, tan kena pisah, yen kesel murang-muring.
8. Yen dipun buwang berhala nuli ngucap, wus jangji hyang Widi, dhuk sira ing dunya, ya demen maring ingwang, malah lali mring Yang Widi, tumekeng temah, mangsa ucula mami.
9. Nora kari ing saparan-paranira, sarta ambune bacin, baciné kaliwat, sakehe kang kapapag, maca udubillah iki, wong apa sira, ambune langkung bacin.
10. Cinarita kang antuk rakmating Allah, eca denya lumaris,

pan sarwi nenunggang, tur sarwi papayungan, panganggone sarwa adi, bagus rupanya, eca denya lumaris.

11. Ana kang sawaneh nunggang kurbanira, panganggo sarwa adi, eca denya lampah, ana kang nunggang onta, ana ingkang nunggang kambing, sami susukan, saking sihing Yang Widi.
12. Caritane wong salat tahajud ika, ing saban-saban wengi, kala aneng dunya, sinungan nunggang jaran, jaran dhawuk luwih adi, congklang medhapan, congklang lembut anyirig.
13. Gegeripun datan uning sangkan paran, lumayu niba tangi, kang kulon mangetan, sami tunjang-tinunjang, kang wetan ngulon lumaris, kidul lumampah, ngalor kang den parani.
14. Sadayane datan wonten kang sinadya, saking gugus ing ngati, tan weruh sangkan paran, millet mlajar kewala, sarta ajrih kapati ing, mangsa punika, anggene nguningani.
15. Sakalangkung sami gumeter kang manah, nging kang miyarsa hadis, kiyamat nggening siksa, cariose tetela, caritane para nabi, ya saking Adam, tan wande anemahi.
16. Tetela caritane para ulama, ing dalem hadis dalil, sami yakin uga, dhuk aneng dunya ika, sakathahe para mukmin, putih sadaya, mancur ing raineki.
17. Mapan sami lumayu saparan-paran, sambat ngerak-ngerik, kabeh jang-tinunjang, sarwi angaruhara, palayune niba tangi, anggawa siksa, saparan den tut wuri.
18. Sampun kesel anuli kendhel sadaya, parentahing Yang Widi, maring malaikat, pitung langit sadaya, kinon ndhatengaken tuli, ing ara Masar, sami kinon nyekeli.
19. padha anyekel maring makluk sadaya, pan siji padha siji, malekat sadaya, tandhang padha tumulya, kang bumi nulya binalik, dadi salaka, gumelar sampun radin.

20. Kalawan sampun bumi salaka ginelar, sinelehan malih, pan makluk sadaya, lan pajangane aglar, nabi Adam kang rumihin, kumpul sadaya, sato pon sami urip.
21. Malaikat pitung langit sami prapta, sami kinon ngawengi, neng pinggiring jagat, sadaya sampun tata, caritane tumpang tindhih, kang kumpul ika, susun atumpang tindhih.

XXVIII. DHANGDHANGGULA

1. Mpun bina tata gunging pra nabi, apapanthan lan umat sadaya, sampun wonten panggenane, sarta umat sadarum, Islam kapisir sami tut wingking, pan sami gegolongan, sanabine kumpul, nabi nenem cinarita, wus padha pinarek ing minbar kang adi, lan tunggule binabar.
2. Apapanthan lan sadaya umatneki, akumpul miwah para sahabat, lawan kawulawargane, nabi nenem winuwus, langkung agung umate iki, sarta lungguh ing minbar, mawih payung agung, kang karihin nabi Adam, nabi Enoch kalawan nabi Ibrahim, lawan Jeng Nabi Musa,
3. Ping lima Nabi Isa linuwih, kaping nenem Jeng Nabi Muhammad, mpun perenah panggenane, sakalangkung tebihipun, nuli utusan nabi satunggil, lampahan sewu warsa, pan nggih tebihipun, nuli ya gusti akarsa, marekaken langit ingkang ngandhap iki, sadedeg lan sahasta.
4. Langkung panas srengenge kapati, sakathahe manusa kang dosa, melas asih sasambate, umob kang utekipun, gentoyongan saparaneki, ana kang kalesedan, kathah warnanipun, cinarita beda-beda, karingete ana ingkang wates wentis, pa laku dhuk neng dunya.
5. Ana kang wates jejenggotneki, ana wates pupune punika, ana wates bebokonge, na wates wetengipun, ana wates dadane iki, na kang ngelangi pisan, wates gulunipun, aparane atut wuntat, karingete lir toya lumampah mili, sabab deng dosanira.
6. Kawarnaa sakathah pra mukmin, ingkang sami suci sadaya, adoh saking dosa kabeh, soh saking karingetipun, mapan sami apapayung kuning, lampah sarwi nununggang, panggen mubyar murub, gusti Allah nulya karsa, parentah dhateg malekat aras Kursi, tinurunaken ngandap.

7. Ya den jembaraken jagatneki, amot ngaras ingkang agung jembar, punika ngaras warnane, kalangkung mubyar murub, cahyanipun kalangkung nelohi, surem surya lan wulan, langit iku mumbul, nalika mangsa punika, lintang ilang tan ana raina wengi, apadhang salawasnya.
8. Cahyanipun kalangkung nelohi, kalangkung padhang ya ingkang cahya, tinanding cahyaning srengenge, tan panas saryanipun, datan ana raina wengi, sadaya sami luwar, sakathahe makluk, sami wangsul sewang-sewang, papanthan dhateng panggonane karihin, neng arah-arrah Masar.
9. Cinarita ingkang sampun lami, wong kang antuk rahmating Allah, sami ngresula manahe, sabab nora lebur, wong doraka lawan wong kapid, datan kena pinisah, saparane den tut, datan tahan ambunira, langkung bacin warna-warna siksane, mila sami ngresula.
10. Sami matur dhateng para nabi, pan saumate sewang-sewangan, nedha pitulung ature, pra nabi nulya muwus, anedha dhumateng Yang Widi, pan nulya sinembadan, ing pandonganipun, Allah taala ngandika, kinen dhumateng malaikat tumuli, misahaken ing wong dosa.
11. Den kebat pisahaken tumuli, para wali lan para ulama, kang padha suci awake, kang ora dosa iku, gede cilik dipun tebahi, pisahena den enggal, aja na kang lebur, wong mukmin lan wong doraka, miwah kapid aja parek lawan mukmin, drapon ilang ambunya.
12. Lan wong kapid den pisahna aglis, aja lebur lan kekasih ingwang, akumpulna sabature, malekat nulya gupuh, sigra nuli angadep kapid, gigire apayengan, kalangkung jrihipun, miyarsa swaraning malekat, sampun pisah wong dosa lawan wong kapid, para mukmin wus betah.
13. Mpun pertela rerai wong kapid, sadaya cemeng sampun mupangat, ing dalil lawan hadise, lawan malih winuwus, mpun tata sagunge pra wali, gusti Allah ngandika, ing malekat ngutus, anurunaken sawarga, malaikat nulya aglis angada-

ngi, sawarga wus gumelar.

14. Gandanipun nerus angebeki, sakabehe kang padha manjinga, sami mamyt rum awake, kasmaran manahipun, ningali isining sawargi, kalangkung endah pelag, langkung mubyar murub, widadari apapanthan, pan panganggone lungsir-banglungsir kuning, papaes warna-warna.
15. Dipun dunung ing suwarga adi, inggih munggah ing tengene ngaras, sampun perenah enggone, lawan malih winuwus, karsaning Yang Kang Maha Suci, ngunggahaken naraka, nenggih kang den utus, malaikat Jabaniyah, sampun lengser datan kawarna ing margi, wus prapta ing naraka.
16. Saandape bumi pitu iki, yeku nggoning naraka Jahanam, naraka maras manahe, temuan duta agung, Jabaniyah saderek mami, punapa meng-amengan, punapa den utus, balane tanpa wilangan, boya wonten karsaning Yang Maha suci, Jabaniyah ngandika.
17. He naraka lah mayu den aglis, isun nggawa karsaning pangeran, naraka gupuh ature, matur kawula nuhun, karsaning Yang Kang Mahasuci, punapa dadosena, ing amba puniku, ing makluk kinon aniksa, ing kawula Jabaniyah nulya angling, aja awatir sira.
18. Balik sira kang badhe kinardi, karsaning Yang niksa wong kang dosa, kalawan wong kapis kabeh, obah kukus kumrutuk, gumeledug ature gipih, wus jangji ari kiyamat, kawula kang ngukum, kang sami pasek sadaya, doraka lan kapis dadi rijki mami, isun kang sinembadan.
19. Jabaniyah aglis nganandhangi, ing naraka ing mangsa punika, ora na jasade dhewek, para malekat iku, anangsuli ing naraka aglis, den rante gegulungnya, siraha direkut, sakehe iku sadaya, dipun bincang agunge rantene uwis, gulunge tan winarna.
20. Cinarita aneng dalem hadis, rantene kang kinarya bincange dawa, pitung laksa ukel, saukele winuwus, lamon den

kumpulna ing wesi, kang aneng dalem dunya, kurang we-
sinipun, saukel mangsa dadiya, malaikat kinon samya anga-
geli, kathahe pitung laksa.

21. Malaikat olihe milih, ingkang sami rosane sadaya, naraka sampun den rante, giniring lampahipun, cinarita pan sampun prapti, pan medal magrib ika, ing hadis winuwus, pan sareng sumbar-sumbar, gumeledug lir gelap ngebeki, geger ane ara-ara Masyar.
22. Malaikat Jabaniyah panggih, kang angrante gulune naraka, pitung laksa ya rowange, kang neng Masyar sadarum, sami maras sanget kapati, warnane dereng wikan, manusa puniku, agelar ngebeki jagat, sakathahe naraka budi kapati, arsa mangsa manusa.
23. Sanget budi naraka kapati, nanging Jabaniyah datan obah, langkung luluh panyekele, malekat pat dasa ewu, kang cinekel maksa abudi, naraka mapan maksa, pangbudine iku, naraka maksa ambedhal, nulya pegat rante puniki, pan rantas sadaya.
24. Panyandere naraka kapati, sesumbare angebeki jagat, pitung jagat obah kabeh, manusa jin setun, sami ningali ting pandelik, pecicil pandirangan, klangkung ajrihipun, kang sampun miyarsa warta, dhuk ing dunya ing hadis kalawan dalil, waneh tunggal miyarsa.
25. Pan cinarita ing dalem hadis, panyandere naraka Jahanam, kalangkung kebat rikate, manusa sadarum, ingkang sami kapir sakalir, dipun mangsa sadaya, tan wonten kang kantun, tan bisa ngungsi agesang, siniksa nora mati lan nora urip, klangkung sakit sadaya.
26. Cinarita kang mlaku ing inggil, den tut wuntat ing geni naraka, den buru ngendi parane, tan kandheg lampahipun, ingkang antuk sihing Yang Widi, datang ngarasa panas, eca lampahipun, panggonane abrang sinang, yaiku anugrah saking Hyang Widi, sami padha nununggan.

27. Sakathahe nenggih para nabi, sami kumpul kang dharbe sarengat, nenem punika kathahe, ing hadis pan winuwus, nabi nenem samya ngulati, panggonan pyambekira, saluwihé iku, naraka aneng Masyar, sami tilar, ngaras enggene karihin, pan sami dipun tilar.
28. Sampun pernah wau para nabi, panggenane piyambak-piyambak, pinarek wonten minbare, sarta tutunggulipun, umpal-umpal atut ing angin, amung nabi Muhammad, ing hadis winuwus, umpal-umpal Nangsang Baranta, dadi tandha punika nabi linuwih, ngungkuli nabi sadaya.
29. Panggonane wau para nabi, langkung tebih lamon linampahan, dhateng nabi satunggale, lampahan sewu taun, kawarnaa pra umat iki, kang padha nandhang dosa, pan binujeng iku, dening apining naraka, kang kacandhak dipun mangsa den sakiti, tan pejah lan tan gesang.
30. Sampun ilang ya jinisim pati, amung siksa ingkang langkung panas, tinimbang sakit liyane, mila tan pejah iku, sabab sampun ngraosi pati, dhuk lagi aneng dunya, amung sakitipun, tan ilang dhateng akerat, malah wuwuh nora suda sakitneki, sambat kelara-lara.
31. Pamburune naraka kapati, pan lampahira pan kadya toya, kalangkung ageng murube, janma jin setan muwus, kadya pundi polah puniki, tan wande dipun mangsa, sadaya amuwus, kalangkung dening musapat, sampun kesel lampahé sarwi anangis, parna pola isun baya.
32. Daweg sami ngungsi ing pra nabi, dhuk ing dunya panutan agama, sami nedha tulung kabeh, sadaya samya rempug, inggih leres daweg suwawi, nalika aneng dunya, nabi nem kang den utus, dadi ratuning agama, partelane ing hadis kalawan dalil, kang sanget dama.
33. Kathah eling dhateng para nabi, ingkang samya tumut anunggang, sampun golong ing lampahé, saparan padha kumpul, pan ing hadis sampun ingawi, kang sadya nabi Adam, ingkang dipun jujuk, lan malih nabi punika, sabab Kang-

jeng Nabi ingkang prayogi, kalawan wiwiyatya.

34. Nora kandheg naraka tut wingking, kang kacandhak sam-
ya dipun mangsa, sami geseng sarirane, kang kantun kan-
canipun, pan lumajar atakon warti, ing pernahe Jane Adam,
nenggih kang den jujuk, dene nabi kang sepah, kawiraos
mapan sami aningali, samya geger sadaya.
35. Ningali ing manusa kang prapta, pan kathahipun tanpa
wilangan, katon naraka urube, sami maras sadarum, nabi
Adam ngandika aris, ya aja aweh sira, nedha ing Yang
Agung, manusa kang sami prapta, sami mature awor kala-
wan tangis, ana kang lajeng niba.

XXIX. ASMARANDANA

1. Mpun mashur ing dalem hadis, nabi Adam cinarita, pinarek aneng minbare, sarta tunggule binabar, akumpul gegolongan, anenedha ing Yang Agung, langkung marase sadaya.
2. Sakathah kang samya prapti, anangis nedha supangat, amelas asih ature, duh gusti Jeng Nabi Adam, tuwan leluhur amba, nedha sapangat satuhu, adohena ing naraka.
3. Sadaya pan sami nangis, Nabi Adam angandika, anak putunipun kabeh, ya isun ora kawasa, tetulung maring sira, ature makluk sadarum, tuwan nabi kinasihan.
4. Nabi Adam ngandika ris, isun dihin kinasihan, dening pangeran jatine, tatapi anyandhang wirang, narajang ing larangan, dhahar wohing kuldi iku, kabendon dening pangeran.
5. Balik sira sun tuturi, sira ngungsiya den enggal, dhateng nabi Enoch ageh, ya kakasihing Yang Sukma, kang dadi dutaning Allah, ing arah kana nggonipun, pan makluk samya karuna.
6. Nulya mangkat kabeh tuli, lampahan kelara-lara, naraka tut wuri bae, ing lampah makluk sadaya, langkung doh pernahira, lalampahan sewu taun, ya lamon dipun wicala.
7. Kalangkung padhang ireki, salaminipun lumampah, tan peteng ing sadinane, yeku ing mangsa naraka, salamine rai, kawarnaa sampun rawuh, kang para makluk sadaya.
8. Ing ngarasane Enoch nabi, sarta tunggule binabar, sineba dening umate, kalebet lan rowangira, para makluk sadaya, pan sami matur sadarum, nedha tulung amba tuwan.
9. Gumuruh swaraning jalmi, binuru dening naraka, ngaruhara sasambate, nabi Enoch angandika, dhateng umat sadaya, aja bubar kaom isun, balik nedha ing Yang Sukma.

x) kirang sagatra

10. Sadaya kang sami prapti, ature sarwi karuna, duh gusti kawula angger, amba nedha sapangat, dohna saking naraka, tuwan kekasih Yang Agung, lan tuwan kinarya duta.
11. Amba nedha tulung gusti, ature makluk sadaya, melas asih sasambate, nabi Enoch angandika, ya bener aturira, anging isun datan sanggup, dihin isun nyandhang wirang.
12. Celanisun dhuk rumihin, dhuk isun ana ing dunya, kala ngelem umat kabeh, asanget isun nenedha, slamete anak ingwang, tur jangji saking Yang Agung, salamete kaom ingwang.
13. Anging isun durung uning, maring wong kapis kanangan, sababe dadi binendon, dene asih ing kanangan, mulane kasarikat, nulya sanget nangis isun, angrasa nyandhang wiwirang.
14. Balik sira sun tuturi, angungsiya lah den enggal, aturuta sira kabeh, ing nabi Ibrahim ika, den angken sanaking Yang, tinarima pujinipun, dening pangeran kang Mulya.
15. Ngungsiya sira den aglis, lalampahan sewu warsa, ing arah kana pernahe, ya nulya budhal sadaya, den buru dening naraka, tan kari saparanipun, wus prapta aneng ayunan.
16. Warnane nabi Ibrahim, pinarek luhuring minbar, sarta binabar tunggule, akumpul dadi sapantha, sahabat lan kawulanya, samya kaget sadayanipun, dening swaraning naraka.
17. Kadya guludug ngebeki, dening swaraning naraka, pitung jagat obah kabeh, kalangkung maras sadaya, kadya tan darbe nyawa, sakathahe para makluk, tumbuh enggone ngungsiya.
18. Swaraning manusa lan jin, iblis setan awurahan, kalangkung maras atine, nabi Ibrahim ngandika, dhateng kaom sadaya, aja bubar sira iku, balik nenedhaa sira.
19. Kang sami prapta anangis, ature nedha sapangat nenedha

pitulung angger, nabi Ibrohim ngandika, isun ora kawasa tetulung mring sira iku, sabab isun nyandhang wirang.

20. Dihin kinasihan mami, dening pangeran kang Mulya, dhuk isun jinawab babe, kinon nembeleh kang putra, dumeh asih kalintang, malah suda baktinipun, owah isun saking adat.
21. Milane sanget tobat mami, sanget wirang ing pangeran, balik isun tuduh bae, den enggala sira mangkat, ngungsi ing nabi Musa, kinasihan dening Yang Agung, pan ingangken kalamullah.
22. Poma ngungsiya den aglis, iya maring nabi Musa, sewu taun ing lampahe, wus budhal makluk sadaya, klangkung dening musakat, naraka maksa amburu, warnane ya nulya prapta.
23. Nabi Musa kang pinanggih, pan pinarek wonten minbar, sarta binabar tunggule, pan kumpul dadi sapantha, sahabat kawulawarga, kaget kang andulu sami, dening unine naraka.
24. Swaraning manusa ngungsi, gumuruh samya karuna, klangkung sanget musakate, den buru dening naraka, kang kacandhak den mangsa, sakathahe para makluk, ature amelas arsa.
25. Sadaya pan sami nangis, aduh gusti nabi Musa, amba nedha tulung mangke, nabi Musa angandika, isun ora kawasa, dihine isun puniku, isun wus anyandhang wirang.
26. Lagi aneng dunya rihin, perang kalawan wong kupar, ingkang nama raja Firgon, wong kapisir nggebur ing bajra, padha mati ting krambang, nedha tulung maring isun, sun tobat maring pangeran.
27. Isun arsa anulungi, temahe isun dinukan, dening wau ya Yang Manon, kalangkung wirang manira, sanget asroh patobat, balik isun aweh tuduh, ngungsiya ing nabi Isa.

28. Iya nabi kang linuwih, sinungan nama Rohullah, sira mangkata den aglis, lalampahan sewu warsa, nulya budhal sadaya, naraka tansah amburu, kang kacandhak dipun mangsa.
29. Musakatipun kapati, lampahe kalunta-lunta, sewu taun lalampahe, warnane ya nulya prapta, ing ngarsa nabi Isa, pinarek ing minbaripun, sarta tunggule binabar.
30. Sineba sahabatneki, miwah ing kaluwarga, dadi sapantha kumpule, mulat ing umat sadaya, ningal dhateng naraka, ngudhag ing kakasihipun, makluk gumrudug swaranya.
31. Kaget para sahabat sami, nabi Isa ngandika, aja bubar sira kabeh, balik sira nenedhaa, ing pangeran Kang Mulya, kawarnaa sampun rawuh, ing ngarsane nabi Isa.
32. Ature amelas asih, duh gusti Jeng Nabi Isa, nedha tulung kula mangke, tebihena awak amba, saking api naraka, nabi Isa ngandika rum, pan isun ora kawasa.
33. Iya isun dihin, kinasihan deng pangeran, nanging nyan-dhang wirang gedhe, dhuk isun ana ning dunya, ingaranan wak ingwang, deng sagunge kaom isun, den dalah putraning Allah.
34. Dening kapir Nasarani, ibunisun dewi Maryam, den dalih garwa Yang Manon, mila isun sanget wirang, atobat ing pangeran, balik isun aweh tuduh, ngungsiya ing Nabi Muhammad.
35. Iku nabi kang sinelir, kinasihan dening Allah, tinarima sapujine, sinung nama Rasulullah, dening Yang Mahamulya, ora nana sisipipun, iku yogya atulunga.
36. ya kang bisa nyapangati, maring umate sadaya, sira budhala den aglis, aja syak sira sadaya, olih pitulung ika, pan nulya budhal sadarum, miwah jin setan sadaya.
37. Naraka mbujeng kapati, saparane wong doraka, naraka angudag bae, kawarnaa sampun prapta, ing ngarsa gusti kita, Kangjeng Rasul kang linuhung, sineba deng pra sahabat.

38. Pinarek ing minbar wilis, sarta tunggule binabar, mubyar murub mun tinonton, atata sasamanira, nama tunggule ika, ya wal wail hambil mamdu, kalangkung endah warnanya.
39. Pepek sahabat anangkil, miwah kawulawarganya, lan para wali sakabeh, ander wonten ing ayunan, kang sami papanthan, cinarita luwih agung, umate nabi Muhammad.
40. Kaget miyarsa kang prapta, gumuruh api naraka, kalawan makluk sakabeh, Kangjeng Nabi ya ngandika, dhateng umat sadaya, den padha enak atimu, tekane api naraka.
- x) 41. Lan aja sira kawatir, mapan manira kang tandhang, isun ingkang kinon nyekel, Jeng Nabi tumedhak enggal, asujud ing kursi sampun, ibah kursine punika,
42. Obahe kang punang kursi, tandhane yen kinaridon, nulya tumedhak ing lampah, nyandhak rante naraka, kang aneng gulunira, kaget naraka anjumbul, Jeng Nabi nulya ngandika.
43. Sapa sira den risih, amatur api naraka, manira manggih tembene, manusa kalangkung kuwat, tan bisa amba obah, angandika gusti Rasul, kuwat deng karsa pangeran.

*) kirang sagatra

XXX. SINOM

1. Ature api naraka, lah sampeyan tiyang pundi, dene ya kalangkung kuwat, Jeng Nabi ngandika aris, Muhammad jeneng mami, utusanira Yang Agung, isun kang sinembadan, nyekel maring sira iki, sang naraka kalangkung ajrih kalintang.
2. Sababe sampun sinurat, ing lawang naraka dihin, Lailaha illallah ika, Muhammad Rasulullahi, yen nabi Muhammad iki, kanghare ing Yang Agung, tur ingkang sinedhahan, pitung bumi pitung langit, dening Allah pujine pan tinarima.
3. Kangjeng Nabi angandika, aja sira mburu maning, kalangkung gawe masakat, maring para makluk iki, naraka matur aris, pan sampun jangjining Yang Agung, sakathah umat tuwan, kang doraka ing Yang Widi, amba kinon angukum ing umat tuwan.
4. Ing mangke sampun mangsanya, jangjining kiyamat prapti, kang dados rijki amba, umat tuwan ingkang kapisir, lan kang dorakaneki, miwah inggih ing Yang Manon, amba kinon ngukumnya, Rasulullah ngandika ris, lah ta maremana isun akon maring ngarsaning Yang Sukma.
5. Naraka matur sandika, nulya binakta aglis, dhateng ngarsane Yang Sukma, Jeng Nabi Muhammad nuli, sujud tengah ngaras iki, pangandikaning Yang Agung, ya sira sun tarima, pernahena naraka iki, nggoning ngaras sawarga tengening ngaras.
6. Cinarita sampun pernah, api naraka puniki, wonten ing kiwaning ngaras, nuli kadya dhuk rumihin, ilang sipate dhuk prapti, kadya hewan warnane gung, mulih lir rupane dihin, ya mawih lawang pepitu kathahira,
7. Kang dihin lawang Jahanam, anadene kaping kalih, ingaran lawang Hawiyah, lawang Dola teluneki, kaping pat lawang Jahim, kaping limane puniku, ingaranan Hutomah, kaping

nem Naraka Sangir, kaping pitu mapan lawang Sakar ika.

8. Pan ing hadis kitab Insan, sapisan carita malih, dihin Naraka Jahanam, kapindho Naraka Sangir, Sakar ping tiga iki, Hawiyah sakawanipun, limanipun Hutomah, kaping nem Naraka Jahim, ping pitu ingaranan Naraka Dola.
9. Wonten malih kawarnaa, Makdinil Maklum wawarti, Naraka Dola punika, cinarita sandingneki, naraka Jahanam nenggih, wonten malih kang winuwus, taraju wus pinasang, agenge cacangkokneki, angideri pitung langit pitung jagat.
10. Ugere traju punika, lir masriki lan magribi, tinanggung ing malaikat, ana ing luhuring Kursi, traju munggend aras iki, animbang amaling makluk, lamon abot kang ala, entheng amale kang becik, tinibakaken ing Naraka Hawiyah.
11. Lamun entheng amal ala, abot amale kang becik, tinibakaken ing swarga, nadyan anaa sadhidhik, kinirakira ugi, sakadare amalipun, ala winales ala, yen becik winales becik, langkung adil hukuming Allah taala.
12. Wonten malih cinarita, ya wot sirotol mustakim, aneng-gih sampun pinasang, ing luhur Naraka Yamin, mpun kar-saning Yang Widi, neng luhur naraka pitu, panjanging wot winarna, kinten-kinten lamineki, lalampahan nenggih tigang ewu warsa.
13. Eluke mapan titiga, satuhune mungguhneki, satuhu tumu-runira, pan ratane sewu warsi, lembute wot puniki, luwih lembut saking rambut, luwih landhep saking pedhang, lan-dhepe salawasneki, cinarita sami andarbeni lawang.
14. Ingkang dihin lawang Iman, lawang salat kaping kalih, ka-ping tiga lawang Siyam lawang Jakat ping patneki, ping lima lawang Haji, lawang Janabat nemipun, kaping pitune kocap, lawang baran Walideni, punika saban-saban lawang berenang.
15. Naraka ya angandika, ing Kang Mahamulya iki, aglis dhu-mateng sang Kalam, he Kalam sira ngakoni, sun utus anu-nulis, ing sakehe karsa ingwang, kang awal kang akir iku,

x) Langkung sagatra

maklumat sun sadaya, kodim nulya matur aris, enggih sampun kalampahaken sadaya.

16. Sakathahe kang gumelar, kang dhumawuh dhateng abdi, hukum ingkang pasthi ika, kang katampi dhateng abdi, sami dipun lampahi, dhateng nak Adam sadarum, miwah nabi sadaya, kang sami tuwan katuri, Nabi Adam anenggih sadaya kitab.
17. Nabi Isis seket kitab, tigang dasa nabi Idris, inggih sampun kalampahan, sadaya ing nabi Ibrahim, inggih sampun katampi, nabi Dawud kitab Jabur, Toret ing nabi Musa, nabi Isa kitab Injil, kitab Kuran dhateng Jeng Nabi Muhammad.
18. Kitab kang satus sakawan, mpun kasrah ing para nabi, sarta lawan karsa Tuwan, lan malih kalimah Tohid, jroning kitab katulis, sarta lawan jangjinipun, sing sapa bakti mring Yang, sun cadhang sawarga mbenjing, kang doraka sun panjingaken naraka.
19. Ngandika Allah taala, lah Kalam sira den aglis, tulisana makluk ingwang, sira wenehna tumuli, lan ja kaliru sami, sira dumena den gupuh, kebat atur sang Kalam, ambagi tulisan sami, miring sakathahing para makluk sadaya.

XXXI. KINANTHI

1. Tulisan wong kapis iku, den ulungaken tumuli, kalawan tangane kiwa, binalangaken ing gigir, sampun karsaning Yang Sukma, den ulungaken ing gigir.
2. Tulisan mukmin sadarum, den ulungaken tumuli, kalawan tangane kanan, amal dosa amal bakti, suka uga nandhang iman, tunggal tengen tanganeki.
3. Amale wong mukmin iku, amal ala amal becik, sami tinimbang sadaya, amale wong iku sami, lamon abot amal ala, manjing naraka wong iki.
4. Lamon wus manjing wong iku, saking jro naraka Yamin, sakadare amalira, anuli manjing sawarga, kalangkung mukti wibawa, susukan aneng sawarga.
5. Mun abot timbanganipun, iya amale kang becik, nengलग amale kang ala, den panjingaken sawargi, kalangkung suka bungah, olih rabi widadari.
6. Sakeh wong Islam sadarum, kang wadi lan rabineki, ya ora adus janabat, atawa adus ingimpi, yen angambah wot mustakim, benjang gancang lakuneki.
7. Maja anuli kacemplung, ing lawang janabat aglis, tiba ing naraka Jahim, siniksa ngerak-ngerik, wonten malih kang winarna, wong kang ora munggah haji.
8. Hale kawasa wong iku, prabeyane munggah haji, sareng ngambah wot sirotan, jur teka ing lawang haji, tibeng naraka Hutomah, siniksa njerat-jerit.
9. Wong wadon iku winuwus, ingkang ora adus wajib, haid lan wilada nipas, sareng ngambah wot mustakim, teka ing lawang Jinabat, tibeng lawang naraka Jahim.
10. Sawaneh mukmin puniku, kang bakti maring Yang Widi, tan bakti ing ibu rama, yen ngambah ing wot mustakim, teka ing lawang wilada, tiba ing naraka geni.

11. Sawaneh mukmin sadarum, kang bakti maring Yang Widi, nanging ora awèh jakat, yèn angambah wot puniki, sareng tekeng lawang jakat, jungkir ing Hutomah geni.
12. Satengah mukmin kacemplung, ing lawang Siyam wong iki, tibeng naraka Hawiyah, kang ora puasa iki, ing wulan Rame-don ika, siniksa kalangkung sakit.
13. Saweneh ana kacemplung, ing lawang iman ginunting, ti-beng naraka Jahanam, dosa dhuk neng dunyaneki, ora per-caya ing kitab, ing Allah kalawan nabi.
14. Saweneh ana kang runtuh, ing lawang salat kawalik, dosane atinggal salat, tiba ing naraka Sangir, sinujen lan wesi abang, pinanggang winolak-walik.
15. Saban-saban mukmin iku, pan kathah warnane iki, kalane samya angambah, ing wot sirotol mustakim, ana alon ana kebat, ana kang lir kilat thathit.
16. Wong mukmin kang nistha iku, ora jakat ora haji, ora pe-rang sabilullah, sabab dening nistha pekir, nging rosa maca sahadat, salat siyam rosa dikir.
17. Lan bakti ing rama ibu, narima ing rijki kedhik, lan ora nglampahi jinah, lan ora mateni jalmi, ing manusa padha Islam, ora kalawan hakneki.
18. Dosa alit dosa agung, sadaya dipun singgahi, siyam sunah sa-ban dina, salat tahjud saban wengi, tawekal rido ing Allah, asih maring pekir miskin.
19. Sareng tangi saking kubur, sawarga sampun sumandhing, ndhodhok ing lawang sapisan, malaikat Jabarail, methuk ing tiyang punika, nulya aglis wakca aris.
20. Manusa nulya amatur, ing malekat Jabarail, ingkang kadya awak amba, dene anjog ing sawarga, mboten munggah sakit pisan, dene lajeng eca mami.
21. Dhuk urip kala rumuhun, kalane ing dunya iki, midanget ingkang carita, saking Kuran saking hadis, kalangkung su-

sah ing manah, lan malih mangsa puniki.

22. Dene kalangkung tebihipun, saking kubur isun iki, dhumateng suwarga mulya, pirang-pirang laksa warsi, dene amba klangkung enggal, anjog ing sawarga adi.
23. Jabarail nulya muwus, mulane manjing sawargi, kalane ana ing dunya, pan sampun ndika lampahi, dem panas perih ing dunya, sadaya ndika lampahi.
24. Janma samya atur-atur, ndika salat sarwi dikir, adoh manusa susukan, ndika tobat sarwi nangis, manusa padha aran, ndika siyam isnen kemis.
25. Mulane ndika puniku, kebat tumekeng ngriki, kalangkung sakit neng dunya, sabar sukur ing Yang Widi, tawekal rido ing Allah, narima ing rijki kedhik.
26. Wonten carita winuwus, ngandikane Kangjeng Nabi, ing benjang dina kiyamat, sakathahe masjid alit, sami teka ing wot ika, ting jangelek kadya ardi,
27. Awarna kancana murub, pinathik ing ratna adi, pepojok manik komala, miwah elar jabar judin, wong kang adan waktu lima, anitih ing pojokneki.
28. Salat barjamaah kumpul, amanjing jeroning masjid, wong kang sami dadi imam, anitih ana ing gigir, sakehe wong ingkang salat, sadaya sami anitih.
29. Nulya amiber sumemprung, ing luhure wot mustakim, kadya upamane mega, katut kabur dening angin, anjoga masjid punika, pan gancang ibering masjid.
30. Carita wong siyam iku, ing wulan Rajab punika, mbenjang yen ngambah wot ika, sinung elar inten adi, kebat ibere lir kilat, anjog ing sawarga adi.

XXXII. DHANGDHANGGULA

1. Kawiraosa ing dalem hadis, wong titiga tur mukmin sadaya, ing wot mustakim lampahé, tur sareng lampahipun, kawarnaa ingkang satunggil, baktine dhuk neng dunya, rosa dikir iku, kang sanunggal kawarnaa, baktinipun dhuk ana ing dunya iki, isnen kemis puwasa.
2. Cinarita satunggil malih, baktinipun kala aneng dunya, rosa maca Kuran mangke, tamat tigang dasa jus, tur pasehat wawacaneki, weruh ing maknanira, miradipun weruh, miraos ingkang satunggil, ingkang rosa puwasa isnen kemis, pan mring rowange ika.
3. Iya sanak dipun ngati-ati, sami dipun priyatna ing lampah, ngambah wot sirotol mangke, karana langkung lembut, warnanipun uwot mustakim, manawa ndika tiba, ing naraka iku, miraos ingkang satunggil, ingkang rosa dikir aneng dunya iki, manira mboten myarsa.
4. Milanipun mboten myarsa mami, dhumateng wot mustakim punika, katingal langkung agenge, kang satunggil amuwus, ingkang rosa ing dunya iki, gethol amaca Kuran, ya tigang dasa jus, punika nuli angucap, dene amba rumaos mboten ningali, ing wot sirotol ika.
5. Wonten ingkang kawiraos malih, kathahe wong kang alim punika, pan sugih ilmu sakabeh, usul pekih wus putus, sarta kabeh dipun lampahi, ganjarane ing mbenjang, dina kiyamat iku, tan rumasa ing wot ika, kalawan malihe ora aningali, ing wot sirotol ika.
6. Wonten malih wiraosing tulis, lamon ora ngambah ing sirota, kadya luluh ing kabane, yen malem Ahad iku, maca Ina Anjalna ping katri, nggih sadurunge nendra, saking laillatu, sapangat nabi Muhammad, Rasulullah kakasihira Yang Widi, barkahira Yang Sukma.
- x) 7. Wonten malih pan ingkang winarni, wong kang dharbe anak

*) kirang kalih gatra.

maksih bocah, hale mati durung baleg, samya mapag sadarum, pan dhateng wong tuwane kalih, tinuntunan sadaya, enak-enak lampihe ing wot mustakim, wonten malih kawarnaa,

8. Wong kang ngruntuhaken anakneki, saking jro wetenge ibunira, samya mapag wong tuwanekei, sanget dahaga anglak, anginuman banyu, upas racun lan baruwang, awor nahan umob wetenge anjerit, sambat kalara-lara.
9. Nuli binakta mring tengah aglis, cinemplungkaken ing naraka, kalangkung panas perihe, anake nuli muwus, ya rasakena sira iki, wus hukuming pangeran, maring sira iku, isun dhuk ana ing dunya, pan sira angruntuhaken awak mami, kung sakit manah ingwang.
10. Dene wong kang dharbe anak istri, mapan kinarya amal jaryah, linakekaken anake, mring wong alim puniku, mantunira sami nulungi, sami atuduh marga, eca mlampahipun, sumawona anak lanang, ingkang kinen angajiya dadi alim, samya atuduh marga.
11. Warna-warna lampah wong puniki, mapan anut amale ing dunya, kathah lan kedhik amale, ana kang kadya semut, ingkang kadya ibering paksi, sareng teka ing tengah, anuli kacemplung kang saweneh kadya walang, kang ginebah ana kang kadya angin, kalangkung marasira.

PERPUSTAKAAN
PUSAT PEMBINAAN DAN
PENGEMBANGAN BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN
DAN KEBUDAYAAN



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA